Накъыгъэм и 9-р ТекIэныгъэ Иным и махуэщ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАУЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№87 (22.745) • 2014 гъэм накъыгъэм (майм) и 8 , махуэку • ТхьэмахуэмтхуэкъыдокI • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

Гуапагъэм тращIыхь

Дыгъуасэ КъБР-м и Правительствэм зэIущIэ гуапэ щекIуэкIащ. КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий накъыгъэм и 9 махуэшхуэм и пэ кьихуэу IущIащ республикэм и ветеранхэм. Ерыскъы IэфIкIэ уэзда Iэнэм пэрыс нэхьыжьыфIхэм КъБР-м и Парламентым, Правительствэм, Федеральнэ къулыкъущIапIэхэм, езым къабзэдэкIыу къэблагъэ махуэшхуэмкIэ екъуэхъури, узынншэу иджыри куэдрэ ди апэ итыну зэригуапэр жиIащ КIуэкIуэм.

- ЛIЫГЪЭШХУЭ фхэлъу, лыхъужьыгъэ зефхьэу ди Хэкур фхъумащ. Зэман кIыхькIэ екIуэкIа зауэм, адрей лъэпкъхэми хуэдэу, хахуагъэ къыщыбгъэлъэгъащи, фIыщIэшхуэ фхуэфащэщ. Дэ сыт щыгъуи дрипагэу щытащ, иджыри дрогушхуэ фи лIыгъэм, - жиIащ КIуэкIуэ Юрий. - Властми, абы и къудамэ зэмылIэужьыгъуэхэми, жылагъуэ зэгухьанысIуэхэми ветеранхэр зэи зыщагъэгъупщэркъым, абыхэм ядолэпыкъу. Иджыри куэдым иужь дитщ фи псэукIэр нэхъ тынш фщыщIын папщIэ. Дапэки дызыхущIэкъунур фи пщIэр тIыгъынырщ, псэукIэфI къыфхуэзгъэпэщынырщ. Мы махуэхэм ТекIэныгъэм и щIыхькIэ Iэхъугъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэд республикэм щокIуэкI. Ноби къыхэтIыхьа жэрдэмыр къыдедэфIыгъыу фкъыказэрекIэплар ди гуапэ хуэщIу. ТекIуэныгъэр илъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу куэд зэфIэдгъэкIыну ди мурадщ. Сыт хуэдэ Iуэку къетхьэжьэми, фи хахуагъэм хуэфащэу зэфIэтхынущ, а махуэшхуэри Iэтащ зэрыдгъэлъэпIэнэм иужь дитынущ, фи гугъуехьхэр зэрывдэдгъэпсынщIэным дыхущIэкъунущ.

Ветеранхэм къабгъэдэкIыу КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэм ехъуэхъуащ **Полищук Иван**. Абы къыхигъэщащ КIуэкIуэ Юрий кьахуищIа гулыитэр гуапэ дэтхэнэ зыми зэрыщыхъуар. ИкIи зыпрыхьэ Iуэхуэгъэ тыншу кьеъулIэну, республикэм и зыужьыныгъэм узыншагъэ быдэ иIэу хуэлэжьэну екъуэхъуащ. Полищук жиIэжащ зауэ иIъас гугъуэхэм республикэрыс псори дэIепыкъуэгъу зэрыхъуар, сыт и лъэныкъуэкIи щIыбагъ быдэу зэрагъэр.

КъБР-м и ветеранхэм я зэгухьанысIуэм и тхьэмадэ **Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэд** жиIащ ТекIуэныгъэм и махуэшхуэм пежьауэ республикэм и районхэм, кьалэхэм лэжьыгъэшхуэ зэрыщекIуэкIыр, абы екъэлIа зэIущIэхэм унафэщIхэри, къулыкъу зохуэмыдахэм пэрытхэри, еджакIуэхэри зэрыхэтыр. Шыхъуэбахъуэм къызэхуэсахэм яжриIащ нобэкIэ ветеранхэм я Iуэху зыIутыр, ахэр Iэтащхьэм хуабжьу зэрыхуэзарэзыр, кIрихьэжьэ Iуэхухэр зэрыдаIыгъыр.

Апхуэдэу я гукъэкIыжхэмрэ гурыщIэхэмкIэ къызэхуэсахэм ядэгуэшащ ветеранхэм я Налшык кьалэ советым и унафэщI **Абдуллаев Мустэфа**, Май районым щызэхэт ветеран зэгухьанысIуэм и тхьэмадэ **Крывокрысенко Павел**, **Щомахуэ Лъостэн** сымэ, нэгъуэщIхэри.

КIуэкIуэ Юрийрэ и хьэщIэхэмрэ гуапэу зэбгъэдэсащ. Хъуэхъухэр, гукъэкIыжхэр, псалъэ гуапэхэр щыIуа зэIущIэм кIрихьэлIа ветеранхэм саугъэтхэр ираташ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замир.

● Обозревателым и псалъэ

Гуфlэгъуэ иныр догъэлъапlэ

Ди къэралым и гуфIэгъуэ нэхъыщхьэщ дгъэлъапIэ ТекIуэныгъэм и махуэр. Ар къызыхэкIри гурыIуэгъуэщ; щIыхь дунейм къызэрытехъуэрэ зыми илъэгъуакъым Хэку зауэшхуэм нэхъ нэхъ псэзэпылъхьэпIэу щыта зэмызэхуэныгъэшхуэ. А зэпэщIэтыныгъэм къиша гуауэмрэ насыпыншагъэмрэ апхуэдизкIэ инщи, зэман дэкIми, тхыдэм хэгъуэщхьыркъым.

1933 ГЪЭМ Гитлер Германием властыр щыIэщIыхьа иужь, мурад ищIащ дуней псор иубыдыну икIи зауэм жыджэру зыхуигъэхьэзыру щIидзащ. ЩхьэусыгъуэзэмылIэужьыгъуэхэр ищIуэрэ, Европэми, Африкэми, нэгъуэщI континентхэми къэралхэмрэ щIыналъэхэмрэ щызэIэригъэхьэрт. Абы игъэгъэващ США-мрэ Инджылызымрэ. Псом хуэмыдэу Германием Польшэгъэ иубыда иужь. Арати, 1939 гъэм фокIадэм и 1-м ЕтIуанэ дунейпсо зауэм щIидзащ (США-р абы щыхьхьар иужьыIуэкIэщ). Арщхьэкlэ си къару псори Iэщэкlэ зызэщIэуэзэдэным хуэзэ гъэпса зэрыпхъуэкIуэхэм япэлъэщыфакъым. Мыгувэу фашистхэр Франджым и ипщэ лъэныкъуэм ихьащ.

Iуэхур хэплъэгъуэ щыхъуэм, иужькIэ дэ къытхуэува США-мрэ Инджылызымрэ я гупэр СССР къэрал лъэщымкIэ, ауэ езыхэр кьызэтеплъэ мыхъумкIэ, кьыхуагъазэу щIадзащ. Ауэ Совет къэралым и унафэщIхэри я Iэхэр зэтедзауэ щысатэкъым. Европэм къыщыунэхуа благъэу фIыщIэм зэгъусэу пэщIэувэну къыхилъхьа жэрдэмыр къыщыхуамыдэм, абы Германием зыр адрейм темыуэным теуха зэгурыIуэныгъэ ирищIылащ. Ар тхьилъмпIэ нэпцIт. Псоми я дежкIэ гурыIуэгъуэт Гитлер и гуращэ нэхъыщхьэхэр СССР-м кьызэрыхуэгъэзар. Абы и щыхьэтт «Майн камф» и тхьилъмэ «къуэкIыпIэ лъэныкъуэхэмкIэ щыIэ щIыналъэхэр къэгъэIурыщIэным» теуха гупсысэр зэрыщыунэтIар. Абы и закъуэтэкъым: СССР-м къытеуэным теуха «Барбаросса» планри зэхалъхьат. Абы кьыщыгъэлъэгъуат СССР-р тхьэмахуихьм къуриубыдэу яубыдыныр.

Польшэм и Iунапкъэм и деж Совет Союзымрэ фашист Германиемрэ щызэпэщIэт. СССР-ми хуабжьу зыхуигъэхьэзырырт зауэм. Къэрал нэхъ лъэщитIыр фIкIыпIэ имыIэу зэрызэпэщIэувэнур гурыIуэгъуэ хъуат. Арщхьэкlэ Сталиным быдзу и фIэщ хъурт зауэр къыщыхъеину зэманыр игъэIэпхъуэфыну. Гитлер япэ зыкъригъэщащ...

1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м пщэдджьыкIи сыхьэти 4-м Германиер кьытеуа ноужь, фашистыдзэр къаруушхуэкIэ - тенджызэ ФIыщIэмрэ Балт тенджызымрэ я зэхуакум дивизие зэмылIэужьыгъуэхэу щитIкIэ - ди щIыналъэм къихьащ икIи псынщIэу къыкIуэцIрыкIащ. IэщэщIэкIэ зызэщIауэзэдэным хунэмыса ди зауэлIхэр къикIуэтын хуей хъурт. Мыгувэу ди къэралым и европэ щIыналъэр яубыдащ, Ленинград къуахъуреихьащ, Москва къыбгъэдыхьащ.

Мис абдежым белджылы щыхъуащ СССР-м и цIыхухэм яхэлъ зэхэщIыкIым и быдагъыр. Совет Союзым и щIыхьэрым и деж бийр щикIуэтыжьын хуей хъуащ. Ар къыщыхъуар 1941 гъэм и кIэухырщ. ИужькIэ Сталинград и деж, ипэкIэ тхыдэм къыщымыхъууэ, щекIуэкIа зэхэуэхъуэм фельдмаршал Паулюс и дзэр щызэхакъутэу абы щыщ зауэлI минищэм щIигъу гъэру дыдейхэм щафыдым, белджылы кьэхъуащ СССР-м шэч кьызытымыхьэну ефIэкIыныгъэ зауэм зэрыщыгъуэтар. Пэжщ, а зэманым Совет Союзым кьыдэIэпыкъун щIадзат США-мрэ Инджылызымрэ. Абыхэм кьагъэгугъат етIуанэ фронт кьызэIуахыну. АрщхьэкIэ ягъэгуващ, Iэмал зэриIэкIэ. Курскрэ Орелрэ я зэхуакум бийхэр щыхагъэщIа, СССР-м и щIыналъэм нэмыцэхэр ирахужу Европэм и къэралхэр хуит къащIыжу щIадза иужь, белджылы кьэхъуащ, зыри кьыдэмыIэпыкъуми, ССР-хэм я Союзым Германиер зэрызэхикъутэнур. Пэжщ, нэгъуэщI къэралхэм, нэхъ зэгуэпыгъуэращи, Урысейм я тхыдэтх языныкъуэхэм абы теухуауэ иджы пэжыр зэрахьэкI. АрщхьэкIэ тхыдэр пхуэзэгъэдэкIынукъым.

Дыдэрыщыгъуаэзщи, етIощIанэ пIэщIыгъуэм ди къэралым и дежкIэ нэхъ зауэ хьэпъэ дыдэр 1945 гъэм накъыгъэм и 9-м иухащ. Дэ ТекIуэныгъэ Ин кьэтхьащ, ауэ ар дыпэрпэ нэпскIэ гъэнщIат. Хэку зауэшхуэм хэкIуэдащ ди цIыху мелуан 22-м щIигъу (мы зэманым кьэзэрапытэмкIэ), абы и гуауэр ялъэIэсащ СССР кьэрал абрагъуэм щыщ дэтхэнэ унагъуэми. Ар щыхьэт тохъуэ дэ илъэс 69-рэ ипэкIэ кьэтхьа ТекIуэныгъэм и уасэр зыхуэдизым икIи Накъыгъэм и 9-м гуфIэгъуэ иныр щыдгъэлъапIэкIэ ар зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым.

ШАЛ Мухьэмэд.

★★★

Мы махуэхэм

Накъыгъэм и 8, *махуэку*

♦**Накъыгъэм и 8 - 9-хэр Фэеплъымрэ зэкIужьныгъэмрэ я махуэщ.** ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм кьищта унафэм ипкъ иткIэ 2005 гъэ лъандэрэ ягъэлъапIэ а махуэхэм ягу кьагъэкIыж ЕтIуанэ дунейпсо зауэм зэкIуэдахэр.

♦**Жор Плъыжьымрэ Мазэ Нокъуэ ЩхьуантIэмрэ я дунейпсо махуэщ**

♦1945 гъэм фашист Германием псалъэмакъынщэу зыкъызэриты мкIэ актым Iэ традзащ.

♦Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩДАА-м и академик, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Нэгъуэй Беслъэн** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Олимп чемпион **Шыхъуэ Борис** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Химие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и дэжьакIуэ **Къущхьэ Хьэсбий** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытмкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэшх кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 22, жэщым градус 11 - 12, жэщым градусси 10 - 11 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 9, *мэрем*

♦**ТекIуэныгъэм и махуэщ**

♦**Европэм и махуэщ**

♦1945 гъэм «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм Германием зэрыщытекIуам папщIэ» медалыр ягъэуващ.

♦1945 гъэм советыдзэхэм Чехословакием и щыхьэр Прагэ хуит къащIыжащ.

♦Режиссёр, КъБР-м гъэзэджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Мыд Хьэжмусэ** къызэралъхьурэ илъэси 104-рэ ирокъу.

♦Адыгэ тхакIуэ, зэдзэкIакIуэ **Куэстэнэ Дмитрий** къызэралъхьурэ илъэси 102-рэ ирокъу.

♦Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Бгъэжьнокъуэ Хьэчим** къызэралъхьурэ илъэс 99-рэ ирокъу.

♦Адыгэ драматург, прозаик **Щхьэплъокъуэ Хьисэ** къызэралъхьурэ илъэс 96-рэ ирокъу.

♦УФ-м щIыхь зиIэ и связист **Ефэнды Батий** къызэралъхьурэ илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Пэнагуэ Аэзмэтджэрий** къызэралъхьурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Сэкрэк Мухьэдин** къызэралъхьурэ илъэс 81-рэ ирокъу.

♦ Б э э щ I э н ы г ъ э л I , щIДАА-м и академик, КъШР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Иуан Зэуал** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытмкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 21-рэ, жэщым градус 17 -18 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 10, *щэбэт*

♦**Астрономием и дунейпсо махуэщ**

♦**Хьэлэлу сату щIыным и дунейпсо махуэщ**

♦**Къуалэбзухэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Мэз хэсэным и урысейпсо махуэщ**

♦Совет Союзым и ЛIыхъужь **Къуэныкъуей Назир** къызэралъхьурэ илъэс 98-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ, КъБР-м щэнхабзэкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ХьэIупщы Лоле** къыщалъхуа махуэщ.

♦УсакIуэ **ХьэцIыкIу Хьэсэн** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦ЖылагъуэлэжьакIуэ **Шапсыгъ Хьэсэн** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦КъэраллэжьакIуэ, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор **Щоджэн Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦УсакIуэ **Къуныжь ХьэIишэт** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытмкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ, пщыхьэщхьэм уэшх кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 24-рэ, жэщым градус 17 -18 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 11, *тхьэмахуэ*

♦1939 гъэм Японие Монголием теуащ.

♦1934 гъэм КъБР-м ПромышленностымкIэ и управленэ къызэрагъэпэщащ.

♦Философие щIэныгъэхэм я доктор, профессор **АдэщIыж Марат** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Адыгэ публицист, АР-м щIыхь зиIэ и журналистко **Тхьэрэкъуатхуэ Софят** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытмкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ, пщыхьэщхьэм уэшх кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 23-рэ, жэщым градус 16 - 18 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 12, *блыщхьэ*

♦**Медицинэ сестрахэм я дунейпсо махуэщ**

♦1954 гъэм Налшык технологическэ техникум къыщызэIуахащ.

♦КъШР-м щыщ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Аргун Iэбубэчыр** къызэралъхурэ илъэс 98-рэ ирокъу.

♦Абхъазым и щIыхубэ тхакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Шинкубэ Бэгърат** къызэралъхурэ илъэс 97-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Уэрыш Нурхьэлий** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Шэрджэс еджагъэшхуэ, IуэрыIуатэдж, КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист **Брат Хьэсин** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытмкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 21-рэ, жэщым градус 17 -18 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырыр
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Накъыгъэм и 8, *Iуэрыдыгъуэ*

Я нэгу щIэкIахэм топсэлъыхь

ТекIуэныгъэм и махуэм ирихьэлIэу Налшык кьалэм и администрацэм щрагъэблагъэщ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр. ХьэщIэ лъапIэхэм гуфIэгъуэ Iэнэ кьыхуащтэри, псори зэщIыгъуу блэкIа зэманым я нэгу щIэкIахэм тепсэлъыхьажащ, зауэ лъэхъэнэм и уэрэдхэр жаIащ. ЗэIущIэм и кIэухым ветеранхэм тыгъэ зэмылIужьыгъуэхэр хуащIащ, ахъшэкIэ хуэупсащ.

Нэхъыжьхэр а махуэм кьалэм и щIалэгуалэм яIущIащ икIи абыхэм ящIыгъуу сурэтхэр зытригъэхащ.

УЯНАЕВЭ Залинэ.

Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр, тылым и лэжьакIуэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэр щIэ зыхуэсщIхэ!

Си гуапэу сынывохъуэхъу совет цIыхубэр Хэку зауэшхуэм зэрыщытекIуэрэ илъэс 69-рэ зэрырикъкIэ!

1945 гъэм накъыгъэм и 9-р къэралым и лIыхъужьыгъэм и тхыдэм зэи мыкIуэдыжыну хьыхащ. Дэ зэи тщыгъупщэнкъым Хэкум и щхьэхуитыныгъэр, цIыхухэм псэунымкIэ, лэжьэнымкIэ, заужьынымкIэ яIэ хуитыныгъэр зэуапIэ губгъуэм щызыхъума ди цIыхубэм я лIыгъэр.

А махуэ гуэрыгъэр, ауэ лъапIэхэр нэхъ тпэIэщIэ хъуху, цIыхухэм ТекIуэныгъэ Иным и дунейпсо мыхьэнэр нэхъ IупщIу кьагуроIуэ икIи лъэпкъ куэду зэхэт совет цIыхубэм я лIыхъужьыгъэ иным хуащI фIыщIэм хохъуэ.

Шэч кьытесхьэркъым 1945 гъэм и накъыгъэ мазэм кьахьа ТекIуэныгъэр кьэкIуэну щIэблэхэм ди адэшхуэхэмрэ ди адэхэмрэ я щIыхьым хуэфащэ ТекIуэныгъэщIэхэмрэ Iуэхухуэхэмрэ яIэныкIэ лъабжьэ зэрахуэхъунум.

МахуэшхуэмкIэ сынывохъуэхъу ветеран лъапIэхэм, тылым и лэжьакIуэхэм, си лъахэгъуэхм! Узыншагъэ, гуфIэгъуэ, гъащIэ кIыхь фиIэну, ди Хэкум и фIыгъуэм фызэрытелжьэн зэфIэкIэр тегушхуэныгъэрэ фхэлъыну си гуапэщ!

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат **БЫФ Анатолий.**

Хэку зауэшхуэм и ветеран лъапIэхэр, тылым и лэжьакIуэхэр! Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэр щIэ зыхуэсщIхэ!

КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм и комитетыр къывохъуэхъу ди къэралым нэхъ щагъэлъапIэ икIи нэхъ пщIэшхуэ зыщыхуащI гуфIэгъуэмкIэ - ТекIуэныгъэм и махуэмкIэ!

Гум имыхъж а накъыгъэ махуэхэр дэ иджы илъэс 69-кIэ тпэIэщIэ хъуащ. Ауэ сыт хуэдиз зэман дэкIми, дэ зэи тщыгъупщэнкъым дуней псор фашизмэм кьезыгъэла совет сэлэтым и лIыхъужьыгъэр. Ди гущIэхэм зэи щыужьыхьынкъым фронтым Iута ветеранхэм, тылым щылэжьахэм, апхуэдэу зэхэкъутэныгъэмрэ яжьэмрэ кьыхалэтыкIыжу къэралыр зэтезыгъэувэжа псоми я лIыхъужьыгъэм папщIэ яхуэтщI фIыщIэмрэ пщIэмрэ.

Дэ ГПныжьым и сэлэтхэм зауэм Iуту километр минхэр якIуащ, жэщмахуэ 1418-кIэ фашист хьэкIэкъуэкIэхэм ягъэщIэтащ икIи абыхэм я дэтхэнэ зы махуэри, зы сыхьэтри лIыхъужьыгъэкIэ, хахуагъэкIэ, щхьэмыгъазэу Хэкум кьулыкъу хуэщIэнымкIэ гъэнщIагъэ щытащ. Апхуэдэщ ахэр ТекIуэныгъэм зэрыхуэкIуа гъэзыгу.

Абы кьыхэкIыу иджырей зэман мытынышм фронтым Iутахэм я щIэблэхэм я кьалэнщ ТекIуэныгъэ Иныр зыгъэульэину хэт псоми япэщIэувэну, ди адэхэмрэ адэшхуэхэмрэ зэрахьа лIыхъужьыгъэ иныр я гумрэ я псэмрэ щахьумэну.

Нобэрей махуэ лъапIэм дэ ТекIуэныгъэр зэхэзыха, зи лъэпкъымрэ абы и тхыдэмрэ иригушхуэ псоми дохъуэхъу мамырыгъэ, фIыгъуэ, ефIэкIуэныгъэ, узыншагъэ, гъащIэ кIыхь яIэну!

КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм и комитетым и япэ секретарь **ПАЩТЫ Борис.**

«Полк уахътыншэм» фыхыхьэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым иджы япэу накъыгъэм и 9-м щекIуэкIынущ **«Полк уахътыншэ» урысейпсо Iуэхур.** ХэкIуэда я адэшхуэхэм, адрей нэхъыжьхэм я фаеплъу ар даIыгъащ республикэм и щIалэгуалэм.

«Полк уахътыншэм» дэтхэнэри хыхьэ хъунущ. Абы папщIэ фэ къыфхуэгъэза цIыхухэм ящыщу армэм е флотым и ветераным, тылым щылэжьам, партизаным, фашист хьэпсым исам, блокадэм хиубыдам и сурэт фIыгъыу (А4 форматым иту) накъыгъэм и 9-м сыхьэти 9.00-м **«Налшык» хьэщIэщым деж (Щоджэнц ЫкIуэм и уэрам, 6) фыкъекIуэлIэн хуеIуэ аращ.**

Иджыри зэ фыкъыхудоджэ «Полк уахътыншэ» Iуэхум фыкъыхыхьэну икIи ТекIуэныгъэм и махуэшхуэр къытхуэзыхьахэм я ефеплъыр а щIыкIэм тету вгъэлъэпIэну.

Накъыгъэм и 9-р ТекIуэныгъэ Иным и махуэщ

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Мыбзэф и лэныстэ мэбзакъуэ.

Псори фыдогъэблагъэ!

Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизион
ЩэщIрэ ебланэ джэгугъуэ
«Спартак-Налшык» - «Ангут» (Нэзрэн)
Налшык. «Спартак» стадион.
Накъыгъэм и 11.
Сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-м.

Дэ тщыгъупщакъым фхэлъа лЫыгъэр,

● Ди нэхъыжьыфIэр

Сталиным и щытхъухэр

Лэскэн куейм хыхьэ Ерокъуэ къуажэм и нэхъыжьыфIэм ящыщ Хэку зауэшхуэм, гуащIэдэкI пэжыгъэм я ветеран Ацкъан Хьэсбий Жылэ псом дэскъым ар фIыуэ къэзымыцIыхуэрэ пщIэшхуэ къыхуэзымыщIрэ. Апхуэдэ гулъытэр Хьэсбий къыпэжьащ и дуней тетыкIэмкIэ, хэпъ цIыхугъэмрэ нэмысымкIэ.

ЗАУЭР къыщыхъеящ щыгъуэ Ацкъаныр иджыри щIалэ дыдэт. Волькэ кхъухьлъатэ училищэр къэзыухагъэ адыгэ щIалэр зауэм и япэ махуэхэм щегъэжьауэ Москва и уэгур зыхъумахэм ящыщащ, 11-нэ истребитель авиаполкым хэту. А зэзауэ гуащIэхэм ипсыхьащ зауэлI хахуэр.

Хэку зауэшхуэр екIуэкIыжу 400-рэ кхъухьлъатэкIэ уэгум ихьащ Хьэсбий, и пщэ къыдалъхьэ къалэнхэр къызыхуэтыншэу игъэзащIэу. Абы кудрэ игу къокIыжь Кърым къалэр хуит къыщащыжьа махуэхэр. Хьэсбий зэрыс «ЯК»-р бийхэм ягу къыщымыкI щыгIэхэм дежь гъэзбжьгъэщым хуэдэу зыщIыхуэтэрти, сурэт ятрихьыгъэ частым къигъэзэжьэрт. Апхуэдэу зи Iэщ Iагъэм фIыуэ хэзыщIыкI кхъухьлъатэзэехуэр Сталинград щекIуэкIа зауэшхуэми хахуэу хэтащ. Абы щызэрихьа лIыхъужьыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщIэ, Аукъаным кхъуяагъэфэщагъэ щытащ Вагъуэ Плъыжь орденыр.

Ди къэралым бийр ирахужьа нэужь, Аукъаныр щызэуащ хамэ щIыпIэхэм, зэрыпхъуэкIуэхэм яубыда къэралхэр хуит къзэщIыжьа совет зауэлIэхэм я гъусэу. Абы и кхъухьлъатэр итащ Польшэми, Румыниеми, Венгриеми, Австриеми, Германиеми, Чехословакиеми я уафэгухэм. ТекIуэныгъэ Иным зауэлI хахуэр щыIущIар Прагэ къалэрщ.

Хэку зауэшхуэм щызэрихьа лIыхъужьыгъэ иным папщIэ кхъулъатэзехуэ Iэзэ Аукъан Хьэсбий кхыхуагъэфэщащ «И зауэ зэфIэкIхэм папщIэ», «Москва зэрахъумам папщIэ», «Сталинград зэрахъумам папщIэ», «Будапешт кхъзэращам папщIэ», «Венэ кхъзэращам папщIэ», «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм Германием зэрыщытекIуам папщIэ» медалхэр. Абы кърата дамыгъэ лъапIэхэм яхэлъщ Командующ Нэхъыщхьэ Сталиным и Iэр зыщIэлъ щытхъу тхылъу 19.

Зауэ нэужь лъэхъэнэм Аукъаныр жыдкэру ятащ фIыгъ щIэм зэтрикъута лэжьапIэ Iэнатlэхэр ди щIынальэм щызэтегъэуэвэжьыным.

Аукъан Хьэсбий

Сыт хуэдэ лэжьыгъэ пэрытами, зауэлI хахуэм, цIыху пэжым зэрихабзэу, абы и къалэнхэр игъэзащIащ къызыхуэтыншэу. Пенсэ кIуа нэужьи нэхъыжьыфIыр жыджэру хэтащ къуажэм, районым щекIуэкI жылагъэ Iэзхуэм. КъыжьIапхъэщ Хэку зауэшхуэм хэкIуэда, и къуажэгъуу икIи и классэгъуу щыта, Совет Союзым и ЛIыхъужь, танкист Мэсей Аслъэнджэрий Iхьэ и къуэм и цIэр ар къыщалъхуа, щеджа Ерокъуэ къуажэм дэт школым зэрыфIащари, школ пщIантIэм фэеплъ зэрыдагъэувари Аукъан Хьэсбий и фIыгъэу зэрыщытыр. ЩIэблэм хэкупсэ гъэсэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ апхуэдэ Iэхуэгъуэ хуэд зэфIихад, ноби зэфIех нэхъыжьыфIым.

Адыгэ хабзэрэ нэмысрэ зэрыльэ унагъуэ дахи ихуагъ Хьэсбий. Абырэ и щхьэгъусэ Раерэ (и ахъэратыр нэху Тхъэм ищI) зэгурыIуэрэ зэдэIуэку гъащIэ кIыхь къызэдагъэщIащ. Зэщхьэгъусэхэм бынибл къащIэхуащ, дэтхэнэри къызыхэкIа лъэпкъым хуэфащуу ягъэзащ, щIэныгъэрэ Iэщ Iагъэрэ ирагъэгуэтащ, унагъуэ зырызыи ягъэтIысыжащ.

Хабзэ хъуаугъ, гъэ хъэс накъыгъэм и 9-м Аукъан Хьэсбий и пщIантIэ хуитышхуэм щызэхуосыж и бынхэр, абыхэм къащIэхуэра щIэблэр, гъунэгъуэр, благъэзэр. Унагъэшхуэм и жьантIэр зыгъэбжьыфIэ, абы и жьгум и хъумакIуэ нэхъыжь Iумахуэм ахэр йоихъэхъу ТекIуэныгъэм и махуэшхуэмкIэ, зэрыхуэарэзыр, фIыуэ зэрарыагъур гурэ псэкIэ зыхрагъащIэу. Дэри ди гуапэу дохъуэхъу ди нэхъыжьыфIым. Узыншагъэ быдэ иIэу, и быным, и къуэрылъху-пхъурылъхуэхэм я ехьулIэныгъэхэм и лъэр щIигъэкIыу Тхьэм игъэпсэу.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

★★★ **Ди къэралым зы унагъуи ису къыщIэкIынкъым 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм и гуэзвэгъуэмрэ бэлыхьымрэ зымыщэча, куэдми мащIэми абы и мафIаем имылъщIа. Сэ сыкъызыхэкIа Тауэр я унагъуэми къытехуащ а зэман хьэлъэм и удын. ЛЫхъужьыгъэ хэлъу фашист зэрыпхъуакIуэхэм япэщIэтащ ди адэ Тау Хьэзрэ Iил. Абы и щынэхъыщIэ Бориси хахуэу зэуащ, къикIуэт имыщIэу, и псэри ди хуитыныгъэм папщIэ итащ.**

ДИ адэшхуэ-анэшхуэу Тауэр Хьэмщэтрэ Баблинэрэ ящыщащ гъащIэщIэр гурэ псэкIэ къэзыщта щхьэлыкъуэдэсхэм. ЛЭщLыгъуэ блэкIам и Октябрь революцэ иным иужькIэ, къэралым щаухуэу хуежьа псэукIэщIэм и телъхьэу щытами, Хьэмщэт хунэсакъым абы и фIыгъуэ ильагъуну. Ар гуузу яукIауэ щытащ совет властым и бийхэм. Сабиитхур и закъуэу къызыхуэна си анэшхуэр Джэрмэншык къЭпхъуэжат, и дыщым пэгъунэгъуу. Я адэм и гъащIэр щапхъэу яхи-гъэльагъуэу абы инПащ и бынхэр, захуагъэм, пэжыгъэм я телъхьэу.

Ди адэ Хьэзрэ Iил зэкъуэшитIым я нэхъыжьт. Илъэс 16-м ар хыхьауэ щытащ комсомолым. ЖылагъуэIу IуэхуэхэмкIэ Хуабжьу жыджэру, урысыбзэмэ хуэзэрыуэу зэрыщытым гу лъамытэу къэнакъым. 1939 гъэм ар ягъэуващ ди республикэм и Суд нэхъыщхьэм и коменданту икIи тэрэмэшу. ЩIэныгъэм хуэнэхъуеинщэ щIалэр юрист IэщIагъэм Орджоникидзе (иджы Владикавказ) щыхуеджащ, ихъэхъу ТекIуэныгъэм и махуэшхуэмкIэ, зэрыхуэарэзыр, фIыуэ зэрарыагъур гурэ псэкIэ зыхрагъащIэу. Дэри ди гуапэу дохъуэхъу ди нэхъыжьыфIым. Узыншагъэ быдэ иIэу, и быным, и къуэрылъху-пхъурылъхуэхэм я ехьулIэныгъэхэм и лъэр щIигъэкIыу Тхьэм игъэпсэу.

★★★ Хэку зауэшхуэр къэхъуэрэ нэужь, ар зэуапIэм Iухьащ икIи лЫгъэрэ хахуагъэрэ зыгъэльагъуэу биим пэщIэтащ. Ар хэтащ Сталинград нэмыщIэхэм ящызыхьумахэм. Абы и Iэшэльашэхэм щекIуэкIа зэзауэ гуащIэхэм ящыщ зым ди адэр уIэгъэ хьэлъэ щыхъащ икIи сымаджэщым зэман кIыхькIэ щIэльащ. Абы къыщIэкIыжа нэужь, ЛЫхъужьыгъэ Iуэхуэ зэуапIэм къыщIэкIуащ зэуапIэм ящыщ зым ди адэр уIэгъэ хьэлъэ щыхъащ икIи сымаджэщым зэман кIыхькIэ щIэльащ. Абы къыщIэкIыжа нэужь, ЛЫхъужьыгъэ зэуапIэм къыщIэкIуащ зэуапIэм ящыщ зым ди адэр уIэгъэ хьэлъэ щыхъащ икIи сымаджэщым зэман кIыхькIэ щIэльащ. Абы къыщIэкIыжа нэужь, НКВД-м и шоколым и курсанту. Хэку зауэшхуэм щIидза нэужь, ар зыхэт 35-нэ танк бригадэр Москва биим щызыхьумахэм ящыщащ. ИужькIэ Калининскэ фронтым и 16-нэ дзэм хагъэхьэжащ. Тверь областым хиубыдэ Станицэ къалэм 1942 гъэм и гъэмахуэкIэм щекIуэкIа зэхэуэу гуащIэхэм ящыщ зым уIэгъэ хьэлъэ щыхъащ ди адэ къуэшыр икIи и псэр итащ.

Ди анэм куэдрэ жиIэжу зэхэтхат ди анэшхуэ Баблинэ и къуэм ежьэуэрэ дунеим зэрехьжар. Ар гугъэрт и къуэ нэхъыщIэри, нэхъыжьым хуэдэу, псэууэ къыхуэкIуэжьну, хуэхъуапсэрт абы унагъуэ насыпкIэ, бын цIыкIуэмкIэ. Ди анэшхуэр сымаджэ хъуауэ куэдрэ хэлъащ. Нэхъ хьэлъэ щыхъуа зы пщыхьэщхьэ гуэрым ар Тхьэм елъэIуауэ жаIэ мыпхуэдэу: «Си Борис сымылъагъужынумэ, Алыхь дыщэ, ныжэбэ си псэр хэх...». Нэхущым ди анэшхуэр дунеим ехыжащ...

Тау Борис зауэм щызэрихьа лЫгъэхэм папщIэ къэрал дамыгъэ зыбжанэ кхыхуагъэфэщауэ щытащ. Абы и цIэр дыщэпскIэ къыщыхаIущIыкIащ зи хуитныгъэм папщIэ и псэр щита Стариц къалэм Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм папщIэ щагъэува фэеплъым. Тау Борис Хьэмщэт и къуэм и цIэр тетщ КъБКъУ-м и пщIантIэм зэт апхуэдэ фэеплъми, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм деж фIэлъ фэеплъ пхъэбгъуми, Джэрмэншык къуажэм дэт курыт школым щауха фэеплъми.

Ди адэ хуэгъэшем ещхьу, сэри егъэджакIуэ IэщIагъэр кхыхэсхащ. Абы теухуауэ зэхэсха хъыбархэмрэ унагъуэм къытхуэна сурэтхэмрэ я лъабжьэу Борис и шыфIыфэр си нэгум куэдрэ къыщIохьэ. ЛЫхъужьыгъэ зэрихьэу зауэм хэкIуэда си адэ къуэшым и гъащIэр мы уэ цIыкIури.

Ди къэралым и хуитыныгъэм папщIэ и псэр зытахэм я фэеплъхэр, зауэ Iэнатlэм хахуэу Iутахэм я цIэхэр тщымыгъупщэу, яхуэфэщэн пщIэрэ яIыхьэ ялъыдгъэсу дыпсэун хуейщ. Абыхэм зэрахьа лЫгъэр ди тхыдэм кхыхэнащ хэмыгъэущэж лъэужьу.

КIуэрт зэман хъыжьэр

Ди адэ къуэш Тау Борис Хьэмщэт и къуэм и фэеплъу

Бэлыхьыр телъу ихьыгъ гъащIэр
Анэ тхьэмыщкIэу и къуэм ежьэм.
БлэкIащ илъэсхэри мымащIэу,
Къэнащ зауаер аддэ жыжьэу.
И нитIыр нэпсым щIисыкIауэ,
Бын IэфIым пэплъэрт ноби анэр.
«КъущIыхьэжьнущ... Къэсхьынущ...
И нэкIум дэслъэжьнущ си Iэр...-
И нэгум щIэтт и щIалэ уардэр. -
Тхылъ тIэкIу IэщIэлъу кIуэрт
лэжьакIуэ,
Зыхьыхь гупми яхэзагъэрт,
ШколакIуэ цIыкIуэхэр и жьIэщIэт.
Ар хунэсакъым адэ хъуну,
Апхуэдэу цIыкIуэхэр и псэм хэлъми,
Ди Тхъэшхуэм ар диГъэлагъуну
И уасэт Iэджэ... Зэ къэсхьжмэ...» -
Гугъэрт, и щIалэм еш имыIэу ежьэу.
АрщхьакIэ кIуэрт зэману хъыжьэр,
Тхыдэм къэхъукъащIэхэр хигъэхьэу,
Iуэхъугъуи цIыхуи трипхъэу жьхэ.
Жажлыр къэсу къыщыфIэщIым
Зыщ жиIэжар анэ тхъэмыщIкIэм:
«Си быныр щызмыльагъужынум,
гъащIэм,
Сыхуэхьэзырщ псэ хьэхур стыну».
...НэщI дыдэ хъуащ къуажэбгъу
пщIантIэщхуэр,
Хэгъэуэщэжащ лъэс лъагъуэ цIыкIури.
Зэхуэзэжауэ пIэрэ псэкIэ
ДунейкIэ зэхуэпэбгъа цIыхухэр?
Ди адэ хуэушу гъащIэ щапхъэ,
ЩIалэгъуэ дахэу птащ уэ уи псэр.
Дэ тщыгъупщакъым пхэлъа лЫгъэр,
Дохъумэ щIэблэм уи фэеплъыр.

ТАУ (ЧЫЛ) Иринэ,
Къэхъун дэт курыт школ №1-м урысыбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ.
Арчан къуей.

★★★ ★★★

Си адэшхуэ Сэфарбий

● Фэеплъ

ТекIуэныгъэм и махуэшхуэр щагъэлъэпIэнум ирихьэлIэу, курыт еджапIэм дыщыщIэсым илъэс къэс мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэ куэд ди нэгу щIэкIырт. Абыхэм ящыщт Хэку зауэшхуэмрэ абы текIуэныгъэр къыщыгъуэзыхьэмрэ ятеухуауэ уэсрэ уэрэдкIэ сабийхэр дызэрызэпеуэу щытар. Зи гугъу тщIыхэр нэхъыфIу къызэхъулIэм зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъу къуажэм дэтым дež, накъыгъэм и 9-м псори къеплъу, и зэфIэкI къыщигъэльагъэнут, апхуэдэуи Хэкум и хъумакIуэхэм яхунщI пщIэр, къэралым и текIуэныгъэшхуэр езым зэригъэлъапIэр къыдалъхьуну Iэмал иIэт. А псоми, дауи, щIалэгъуалэр фIым, мамыгъэм дыхуигъэпабгъэрт.

НАКЪЫГЪЭМ и 9-м дэтхэнэми нэхъ лейуэ игу къокIыж гъэжькуийуэ къыкъуэууэ илъэсиплкIэ унагъуэхэр зэрыхьэрий хэзыдза зауэм хэкIуэда и благъэ-Iыхьлыхэр. Сэри сщIэрт си адэшхуэр Хэку зауэшхуэм и щIалэгъуэгъуэ дыдэу хэтауэ зэрыщытар, гугъуехь и нэгу зэрыщIэкIар. Абы и лЫгъэмрэ хъэца щIыхугъэмрэ теухуауэ зэпымыууэ хъыбар зэхэсх зэпытщ.

Багъэтыр Сэфарбий Дал и къуэр! И цIэр зэрыIу къудейм ноби сроугушхуэ. Сэфарбий 1921 гъэм, сыт хуэдэ кхуажэдэсми хуэдэу, мэкъумэшыщIэ унагъуэм къыщалъхуащ. Къуажэ школым щыщIэсым къыщIэдзауэ ар щIалэ жану, губыгъэу икIи гумащIэу къыдэкIуэтеяуэ жаIэж. Сэфарбий и ныбжьыр илъэс 20-м иту Хэку зауэшхуэм щIидзащ икIи армэм къикIыжа къудейуэ, 1941 гъэм и мэкъуауэгъуэм, зауэм япэу дэкIахэм ящыщу Iэнатlэ гугъуэм Iууващ. А Iэнатlэм кьалэн нэхъыщхьэу къигъэувырт псэемыблэжу Хэкумрэ абы и цIыхуэмрэ ихьунэнэр.

Зауэ хуэIухуэщIэхэм щыхуагъасэ еджапIэ хэхар къиуха нэужь, сержант нэхъыщIэ цIэр зыфIащауа си адэшхуэр 69-нэ гвардие топгъауэ полкым хагъэхьащ. Абы хэту Сэфарбий Кавказым къыщыщIэдзауэ Германием нэс кIуащ. «Связистгвардеец хахуэ Багъэтыр Сэфарбий и къару емыблэжу лъахэмрэ цIыхумрэ ихьунащ, Новороссийск кьалэр нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къаIэщIэзыхьыжахэм яхэтащ, Кърымми бийр изыхужахэм ар ящыщщ. Къапщтэмэ, Багъэтырыр Украинэ псом кIуэцIрыкIащ», - щыжьаIащ си адэшхуэм щхьэкIэ ди Хэкум и хъумакIуэхэр зэрыт зы тхъэтыкъым.

1944 гъэм и гъэмахуэм Украинэ фронтым и япэ дзэр Польшэм и гъунапкъэм Iухьэри, Сандомир къалэм и гъунэгъу Вислу псыежэхым зэпрыкIауэ щытащ. Бийм щебгъэрыкIуа Львов - Сандомир щыIэпIэм щекIуэкIа зэхэуэу гуащIэм хэтащ си адэшхуэр. Польшэр хуит къащIыжащ, нэмыцэр Германием нэс яхужащ.

Тыггъэ зэхуэмыдэхэм, цIыхухэм я гукъэкIыжхэм къаэрыхэщIи, Сэфарбий зауэлI къэмыледнджэжу щытащ. ЛЫхъужьыгъэ хэлъу Хэкур зэрихъумам и щыхьэту, абы дамыгъэ лъапIэхэр къратащ: «Вагъуэ Плъыжь» орденыр, «ЛЫхъужьыгъэм папщIэ», «Кавказыр зэрихъумам папщIэ», «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм ди къэралыр Германием зэрыщытекIуам папщIэ» медалхэр.

1945 гъэм Сэфарбий дзэм къыхэкIыжри, къыщалъхуа щIынальэм къэкIуэжащ. Зауэ нэужьым къэIэтыжьи хуей хъуа жылэ зэтекъутам ар етIысэх имыIэу телэжьащ. Тынштэкъым а зэманым хуэажэ советым и унафэщIу улэжьэну, арщхьакIэ зауэм жыру инсыхъа цIыхур а къалэн мытынщым пэлъэщащ.

Багъэтыр Марие (си адэшхуэм и нысэ) игу къегъэкIыж: «Сэфарбий Къаншыуей къуажэм и советым и унафэщIу щыщытам, абы нэхъ цIыху пэж щыIауэ си фIэщ хъуркъым. А зэманым жылэри зэтесу, цIыхухэми ящIэнрэ ялэжьынрэ ягъуэту псэуащ. ЦIыхуитI зэщыхьами, унагъуэм къаутэ къихъуащи зэкIуалIэр Сэфарбийт, сыт хуэдэ Iуэхуми абы хэкIыпIэ къыхуитыгъуэтыфыртти. «Зэ, умыпIащIэ, пщэдей езыхэр зэгурыIуэжынущ», - жиIэрти, зэбгрыжьыжьну хьэзыр унагъуэр хуэмурэ зэтриубыдэжырт. Ар цIыху щабэт, дунейм тетхэкъым абы уи жагъуэ зэрищIын. Ухуеблэгъамэ, щэнтым уимыгъэтIысу езым узыбгъэдигъэтIысхьэнти, ныбжьыгъуфIым хуэдэу гу зэIуакIэ кьопсэлъэнт. Къуажэ советым и унафэщI гумызагъэм зы цIыхуми лей къытригъэхьакъым, сыт хуэдэ хьэлэбэлыкъ хэмыхуами езым и деж щызэтриуIэфIэжьфырт. Жылэм зэпымыуэ Iуэхутхьабзэ яхуищIэу, тхьэмыщкIэхэм защIигъакъуэу псэуащ, «Багъэтыр Сэфарбий къуажэ советым щытета зэманкъым къэхутэжьну щытарэт!», - жызыIэ ноби куэдщ.

И бын гъэскIэуэ щытар-щэ! Ар псалъэ хуэныкъуэтэкъым, и нэгум кьищ кхуейм кIэ сабийм гурыIуэфырт. ЦIыхум пщIэ хуищIырт, хэт щхьэкIи гугъу зэрихьырт. Аращ нобэми ягу щIимыхур. Апхуэдэхэр нэхъыбарэт!».

Сэфарбий «Курпский» совхозым и парт комитетым и унафэщIуи илъэс зыбжанэкIэ лъажащ. Зауэм къыщыхуагъэфэща медалхэм къахэхъуащ и гуащIэдэкIым къыпэкIуа нагъыщIэхэри. Абыхэм ящыщщ «ЩIыхьым и дамыгъэ» орденрэ медалитIрэ.

Си адэшхуэмрэ и щхьэгъусэ Къаралъэ КIэмытIэ ипхъу Марусэрэ я унатlэу дахэм быныфIи кхъухуащ. ЩIэныгъэрэ щIыхугъэ лъагэрэ абыхэм гъащIэм хагъэхьащ хъыджэбзитIрэ (Заремэрэ Роэзрэ) щIалищрэ (Мышэ, Артур - си адэр, Тимур). Псори унагъуэ хъуауэ Сэфарбий имыльэгъуами, жыIэдэсхэм зэрыжаIэмкIэ, абы езым хэлъа хабзэмрэ гъэсэныгъэмрэ и щIэблэм яхэпща хъуащ.

Си адэшхуэм къигъэщIар илъэс 56-щ. АрщхьакIэ абы и пэжыгъэмрэ цIыхум хуищIа нэмысымрэ ноби псэущ. Езыр зэрызмыльэгъуар сигу кьоуэ...

БАГЪЭТЫР Луизэ,
«Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент.

Тхыдэм зи цIэр къыхахэр

● Жыжьэ - гъунэгъу

Тау ХьэзрэIил

Тау Борис

Ди къэралым зы унагъуи ису къыщIэкIынкъым 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм и гуэзвэгъуэмрэ бэлыхьымрэ зымыщэча, куэдми мащIэми абы и мафIаем имылъщIа. Сэ сыкъызыхэкIа Тауэр я унагъуэми къытехуащ а зэман хьэлъэм и удын. ЛЫхъужьыгъэ хэлъу фашист зэрыпхъуакIуэхэм япэщIэтащ ди адэ Тау ХьэзрэIил. Абы и щынэхъыщIэ Бориси хахуэу зэуащ, къикIуэт имыщIэу, и псэри ди хуитныгъэм папщIэ итащ.

ДИ адэшхуэ-анэшхуэу Тауэр Хьэмщэтрэ Баблинэрэ ящыщащ гъащIэщIэр гурэ псэкIэ къэзыщта щхьэлыкъуэдэсхэм. ЛЭщLыгъуэ блэкIам и Октябрь революцэ иным иужькIэ, къэралым щаухуэу хуежьа псэукIэщIэм и телъхьэу щытами, Хьэмщэт хунэсакъым абы и фIыгъуэ ильагъуну. Ар гуузу яукIауэ щытащ совет властым и бийхэм. Сабиитхур и закъуэу къызыхуэна си анэшхуэр Джэрмэншык къЭпхъуэжат, и дыщым пэгъунэгъуу. Я адэм и гъащIэр щапхъэу яхи-гъэльагъуэу абы инПащ и бынхэр, захуагъэм, пэжыгъэм я телъхьэу.

Ди адэ Хьэзрэ Iил зэкъуэшитIым я нэхъыжьт. Илъэс 16-м ар хыхьауэ щытащ комсомолым. ЖылагъуэIу IуэхуэхэмкIэ Хуабжьу жыджэру, урысыбзэмэ хуэзэрыуэу зэрыщытым гу лъамытэу къэнакъым. 1939 гъэм ар ягъэуващ ди республикэм и Суд нэхъыщхьэм и коменданту икIи тэрэмэшу. ЩIэныгъэм хуэнэхъуеинщэ щIалэр юрист IэщIагъэм Орджоникидзе (иджы Владикавказ) щыхуеджащ, ихъэхъу ТекIуэныгъэм и махуэшхуэмкIэ, зэрыхуэарэзыр, фIыуэ зэрарыагъур гурэ псэкIэ зыхрагъащIэу. Абы къыхуагъэфэщащ къэрал дамыгъэ зыбжанэ, щIыхь, щытхъу тхылъхэр. Ди адэр дунейм ехыжащ 1973 гъэм и гъатхэпэм. Ди анэ Алфусэрэ зэрыбынитхумрэ ар ди гум илъщ.

ХьэзрэIил хуэдэу цIыху IэдэбУ, жыджэру, хъьеа нэужь, ар зэуапIэм Iухьащ икIи лЫгъэрэ хахуагъэрэ зэрыльагъуэу биим пэщIэтащ. Ар хэтащ Сталинград нэмыщIэхэм ящызыхьумахэм. Абы и Iэшэльашэхэм щекIуэкIа зэзауэ гуащIэхэм ящыщ зым ди адэр уIэгъэ хьэлъэ щыхъащ икIи сымаджэщым зэман кIыхькIэ щIэльащ. Абы къыщIэкIыжа нэужь, ХьэзрэIил хущIэкъуащ зэуапIэм Iухьэжьну, арщхьакIэ и зыгъэгъэнэгъуэщ щыта партизан отрядым икIи ди щIынальэр хуит къащIыжьхукIэ а гупым хэту зэуащ.

1943 гъэм и пэщIэдзэм ар хахащ Налшык кьалэм и Iыхьофэ судыщIэу, иужькIэ НКВД-м пыщIа IэнатIэхэм щылэжьащ. Апхуэдэу ХьэзрэIил пэрытащ парт, нэгъуэщI лэжьапIэ IэнатIэхэм. Сыт хуэдэ кьалэм пщэрыль къыхуащIами, ди адэм ар ирихьэкIащ жэуапльныгър зыхиущIэу, пэжыгъэмрэ захуагъэмрэ я гъуазэу. Абы къыхуагъэфэщащ къэрал дамыгъэ зыбжанэ, щIыхь, щытхъу тхылъхэр. Ди адэр дунейм ехыжащ 1973 гъэм и гъатхэпэм. Ди анэ Алфусэрэ зэрыбынитхумрэ ар ди гум илъщ.

ХьэзрэIил хуэдэу цIыху IэдэбУ, жыджэру, пэжыр и гъуазэу щытащ абы и къуэш нэхъыщIэ Бориси. Школ нэхъыщхьэм Борис кIиуахащ егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр курсхэр, иужькIэ Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутым и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ. Школым щызэфIихэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм къыдэкIуэу, Борис усэным, тхэным дихьэхырт. Абы и къалэмыпэм къыпыкIа усэхэр щызэхъуэса «Догъэгъэ» тхылъыр дунеим зэрехьжар. Ар гугъэрт и къуэ нэхъыщIэри, нэхъыжьым хуэдэу, псэууэ къыхуэкIуэжьну, хуэхъуапсэрт абы унагъуэ насыпкIэ, бын цIыкIуэмкIэ. Ди анэшхуэр сымаджэ хъуауэ куэдрэ хэлъащ. Нэхъ хьэлъэ щыхъуа зы пщыхьэщхьэ гуэрым ар Тхьэм елъэIуауэ жаIэ мыпхуэдэу: «Си Борис сымылъагъужынумэ, Алыхь дыщэ, ныжэбэ си псэр хэх...». Нэхущым ди анэшхуэр дунеим ехыжащ...

Тау Борис зауэм щызэрихьа лЫгъэхэм папщIэ къэрал дамыгъэ зыбжанэ кхыхуагъэфэщауэ щытащ. Абы и цIэр дыщэпскIэ къыщыхаIущIыкIащ зи хуитныгъэм папщIэ и псэр щита Стариц къалэм Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм папщIэ щагъэува фэеплъым. Тау Борис Хьэмщэт и къуэм и цIэр тетщ КъБКъУ-м и пщIантIэм зэт апхуэдэ фэеплъми, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм деж фIэлъ фэеплъ пхъэбгъуми, Джэрмэншык къуажэм дэт курыт школым щауха фэеплъми.

Ди адэ хуэгъэшем ещхьу, сэри егъэджакIуэ IэщIагъэр кхыхэсхащ. Абы теухуауэ зэхэсха хъыбархэмрэ унагъуэм къытхуэна сурэтхэмрэ я лъабжьэу Борис и шыфIыфэр си нэгум куэдрэ къыщIохьэ. ЛЫхъужьыгъэ зэрихьэу зауэм хэкIуэда си адэ къуэшым и гъащIэр уи цIыкIури.

Ди къэралым и хуитныгъэм папщIэ и псэр зытахэм я фэеплъхэр, зауэ Iэнатlэм хахуэу Iутахэм я цIэхэр тщымыгъупщэу, яхуэфэщэн пщIэрэ яIыхьэ ялъыдгъэсу дыпсэун хуейщ. Абыхэм зэрахьа лЫгъэр ди тхыдэм кхыхэнащ хэмыгъэущэж лъэужьу.

ТАУ (ЧЫЛ) Иринэ,
Къэхъун дэт курыт школ №1-м урысыбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ.
Арчан къуей.

Анэм и гъыбзэ

Гъэмахуэ пщыхьэщхьэхэм, хуабэм лъэныкъуэ егъэз зищIу, жьы щIыIэтыIэм утыку щигъуэт зэманхэм хуэзэу, куэбжэпэхэм щызэхуэс хабзэщ хьэблэм къыдэнэжа нэхъыжьхэр. Я пкъым къедэхащIэ акъужь щабэр ягу пымыкIыу, ахэр жэщыбг пщIондэ щызэхэсыр нэхъыбэщ. Абыхэм я гукъэкIыжым щытепщэр блэкIа зэманыбг - я сабиигъэрщ, я щIалэгъэрщ. Апхуэдэхэм и деж абыхэм я псалъэмакъым куэдрэ кьыхохуэ зэгуэр я хьэблэм дэса бечIыкIу зэкъуэшхэр: Багъ, ХьэзрэIил, Хьэсанш сымэ. А щIалищым я зэфIэкIыу щытахэм, я дуней тетыкIам апхуэдизкIэ гъэхуауэ, узыIэпишэу, дахэу топсэлъыхьэхэри, КIуэраракъэ, зэи умыльэгъуами, игъащIэ лъандэрэ пщIыхуу щыта хуэдэ ахэр уи нэгу кьыщIохьэ.

ЗИ ХАБЗЭКIИ, зи бэыпхъэкIи щапхъэ зытепх хъун унагъуэфI зыдэмыщ жылагъуэ щыIэ?! Апхуэдэ куэд Хэку зауэшхуэм и пэкIи щыпсэуащ Псыгуэнсу кьуажэм. Абыхэм ящыщ зы БечIыкIу МатIрэ ДасIэфIрэ я унагъуэр гъунэгъуэм «зым нэхърэ адрейр нэхъ щIалэфIыжщ» хужаIэу кьуищрэ пхъуитIрэ зэдапIырт зэщхьэгъусэхэм. Адыгагъэр, цIыкIугъэр, пэжыныгъэр зэи IэщIыб щамыщI, хъуэпсэгъуэу къэгъуэгурыкIуэ унагъуэт.

МатI пасэу дунейм щехьыжьм, абы и пIэм иуващ быным я нэхъыжь Багъ. ИкIи и къуэш, и шыпхъу нэхъыщIэ цIыкIуэр зыхуей хуэзэн папщIэ, и анэмрэ абырэ зэсу ямыIэу, лэжьащ. Ауэрэ, кьэжэпхъыр колхозым хьэхуэрэ, зэдзэлъу-зэшыпхъуэм псоми гуБгъэр IэнатIэ яхуэзыхуащ, я гуащIэдэжI хьэлэлым щыгуфIыкIыу лэжьащ. Хэт ищIэнт а унагъуэм и Iуэхуэр адэкIэ зэрекIэрэхъуэжкIынур, мо зи псэугъуэхэм я насыпыр зэрыхъунур, «иджы лъэ быдэкIэ дыувакъэ» щыжаIэм Хэку зауэшхуэр къэмыхьеямэ.

Офицерхэр пIалъэ кIэщIкIэ щагъэхьэзыр еджапIэр кьрагъэухри, Багъ зэуапIэм Iуащащ. Хьэсанши дзэ кьулыкъу ищIэу кьэрал гъунапкъэм пэмыжьыжьэу щыIэти, ари мафIэ лиГъэм и курыкупсэм хэхуащ. Курытыр, Хьэзрэ Iил, и кьуэшитIыр фронтым зэрыщыIэра, е апхуэдэ лэжьакIуэшхуэ колхозым зэримыIэрат, сытми, зэкIи и гугъу кьамыщIу къагъэнащ. БечIыкIу зэшхэм япэмыжьыжьэу псэуа, Хэку зауэшхуэм жыджэру хэта Семэн ТIутIэ жаиуэ щытащ: «Сэ щыри фIыуэ сцIыхуу, ди хьэблэу, ди кIуэгурыжгъуэу щытащ. Псом зэмыдзу Багъ теухуауэ фIы зыкъом сигу кьинащ. Ар кьуажэм дэсащ лIы Iэнатlэ зэрихьэу - мафIэс къэмыгъэхъуэныжкIэ щыIэ инспекцэм щылажьэрт. Абы щыгъуэм Залымхан Багъ теухуауэ къыхэкIуэу щытар нобэми сигу ильэ: «АпхуэдизкIэ лIы пэжщ, лIы губзыгъэщи, Къэбэрдейм и унафэщIхэм ящыщ зы тщIы хъунт, щIэныгъэ тIэкIу иIэу щытамэ...»

БечIыкIуэхэ къаухэкIуа извещенэм итт: «Лейтенант нэхъыкъ БечIыкIу Багъ МатI и къуэр 1943 гъэм мартым и 8-м Орлов областым щыIэ Ольговскэ къуажэм деж щыхэкIуэдащ икIи абы щыщIалъхьэжащ».

Зауэ нэужьым БечIыкIуэхэ я деж къэкIуащ зауэм абы щыщIыгъуа, Арщыдан щыщ щIалэ. Абы кьихьыжащ и лIыхъужьыгъэм кьыпэкIуэу Багъ хэрата орденитIымрэ и документэмрэ.

Багъ кьыкIэлъыкIуэ Хьэзрэ Iил зы-мыщIыкъ къуажэм дэстэкъым. Жылэм зы лэжьакIуэшхуэ щыIэмэ, ар етIуанэт. Езыр пелуант. Хьэлъэ зэрыльэ гур зэрыщыту «щхьэ фелIалIэрэ» жиIэрэ щхьэпридзыфу щытащ. Шы фIыуэ илъагъурт. Шы ягъэсэн зыгуэрым ейуэ илъэгъуамэ «сэ пхуэзгъэсэнщ» жиIэу тхьэкIумакIэкIэ шыр кьиIэтрэ игъэтIысу - мис апхуэдизу бланэу, шы нэбгъэфхэр игъэсэфу щытащ Хьэзрэ Iилым.

И щынэхъ

Дохъуэм щIэблэм фи фэеплъыр!

1945 - 2014

● Си адэ-анэм, абыхэм я ныбжьыныхэм я фэеплъу

Уей, уей, уей, губгъуэм ит тхьэрыкъуэ

Си сабиигъуэр сыту дахэт, сыту сынасыпыфIэт. Балигъ сыхъуа нэужьщ ар къыщыгъуэгурIуаер. Уи адэ-анэр, анэшхуэр къыпщхьащытмэ, мамэмрэ папэмрэ, ныкъмрэ гуащэмрэ зэгурыIуэмэ, уи псэр щIэгъэжьеин псалъэ жагъуэ зэкIэрагъэ зэхъыдмыхмэ - аракъэ насып жыхуаIэр. НэхъыфI щыIэу тщIэркъыми, къытщатIагъэмкIэ дыдарэзыщ, шхынращи - иджыри химие здынэмыса защIэщ; къабзэщ, щымыщ хэлъхьым, нанэ е мамэ япщэфIащи, я псэм и IэфIымрэ и хуабэмрэ а ерыскъым хэлъым хуэдэщ.

ГъЭТХЭМРЭ бжьыхьэмрэ сигу ирихыщыгъркъым, дыщыземыкIуэфу уэрамхэр шэдщи, а гъэмахуэр тхъэгъуэщ. Псыхъуэр ди джэгуп Iэщ, ди зыгъэпскIыпIэщ. ЩIымахуэм а псыхъэ щыдым мылым унэ къыщыхыдощIыкI. Сурэт зэрытщI лэчыр ди Iэпэмкlэ уэсым тыдоутхэ. Дыгъэм налкъутым уэхэдэу къыхэщIуукIыу пэлыд уэсыр лэч щхъуэжIэпльыкIэм нэхъри игъэдэхащи, псыхъуэм дыкъыдэкIыжыфыркъым. ДымэжэлIэпамэ, е щIыIэм дигъэдыкъамэщ унэм дыкъыщыкIуэжыр. Дысабийщ - къалэн диIэкъым, дыуэынпшэмэ, ди ныбэ измэ, бгыщ зэрымыгъэхъуу зыщIыпIэкIи зэкIэ къытхуейкъым.

Цыхум япэщIыкIэ илъагъуращ зыхищIэр, итIанэщ жаIэм щIэдэIуу щыщIидзэр. Сэри аращ. Си сабиигъуэ насыпыфIэр мащIэ-мащIэурэ къысфIызэIащIэ пщыхьэщхьэкIэ ди тетIыскъэпIэм къыщызэхуэс хьэблэ фызхэм я хъыбархэм. КъызэрыщIэкIымкIэ, дэ, цIыкIуэхэм, нанэм и гъусэу дади диIэн хуеящ, ауэ ахэр зауэм зэщIикъуащ. Ди хьэблэ псом лЫжьитIщ дэсыр. КъызэрыщIэкIымкIэ, ди анэхэр школым къыщIэкIын хуей хъуащ, колхозым щылэжьэн яхурикъуртгъэхьымк. Си анэм жиIащ: «Ди адэр ящыщт мэзым пхъэ къыщIашын щхьэкIэ зауэм ямыгъэкIуа лЫ гупым. Гъэмахуи щIымахуи, щыуэшхи щыдыгъи мэзым лэжьыгъэ зэпыкъут. ЩIэуэ щIэта ди адэр Iэрызехьэу пIэм хэгъуэлъхьащ. Е къару имыIэжрэт, е лэжьыгъэ хьэлъэм кIуэцIуз, бгыуз къыхихат? Дохутыр щыIэтэкъым, хэтыт абы къыщыщIар къыджезыIэфынур? Арати, ди анэм ар зрихьэн хуей хъуащ. Сэ быным сранэхъыжьт, си щыпхъу цIыкIуитIым лэжьыгъэкIэ ращыгугъыну пасэт. «Унагъуэм щыщу зыгуэр колхозым фыщымылажьэу хъунукъым», - жаIэу къыщытпаубыдым, епIанэ классым сыкъыщIэжIри, губгъуэм сихьащ. Сэрэ си партэгъу Хьэжмуратрэт классым нэхъыфIу еджэу щIэсыр. Абы университетым щригъаджэу щIэныгъэлI къыхэкIащ, сэри зыгуэр сыхъуну къыщIэжIынт, зауэ мыгъуэжьыр мыхъуамэ», - жиIэрт си анэм. Щэч къытесхьэркъым: си адэм Iэпэ шотымкIэ зэхилъхьэху, си анэм бжьыгъэхэр гукIэ зэхилъхьэу щытащ. Школым гукIэ зэдгъэщIэн хуейуэ усэ къыдатам, зэ-тIэу еджэгъуэм езым игу ириубыдэрти, сыщыуэмэ, къыздэIэпыкъуэр. Сэ зрагъуэ-хуэм, акъыл жан зэриIэм и щыхьэтэкъэ!

Илъэс 14 щыхъуам, мамэ балигъхэм я гъусэу гуэдзыр гъубжэкIэ къихырт. «Гъэмахуэм нэщIри техуати, нэхъри гугъу дехьырт. Ди ныбжькIэ нэщI зытехуэхэм дазэрыщыщыр нэхъыжьхэм къыщыджаIэм, дэри дынэщIу щIэддзат», - жиIэжырт си мамэм.

ШхыIэнымкIэ си щхьэр щIэсхъумэри (нанэ сызэхимыхьм хуэдэу), сыгъащ ар щызэхэсхам и жэщым. Си мамэ апхуэдизу гугъу ирагъэхьауэ! СщIэртэжьым абы щхьэкIэ сызэныкъуэкъунур, ауэ сыныкъуэкъуэну сыхуейт, сигу щIыхьари пэжт. Мамэ апхуэдизу гугъу ехьу зыгъэлэжьами зыгъэнэщIами си гур хагъэщIат, си сабиигъуэр сагъэухат.

АтIэ, а уэрщэру къызэхэтIысхьэхэр «Бещтор иджыпсту къыуатIыпщынущ» жаIэу пщыхьэщхьэ акъужьым пэлъэхьэрт. Абыхэм я щхьэгъусэхэм теухуауэ зыгуэр жаIэу зэхэсхауэ сщIэжыркъым, гуащэхэм нысэхэр щыту кърагъэкIуу къыщIэкIынтэжьым тхьэмадэ ямылъэгъуахэм я гугъу ящIыну. Иджы согупсыри, илъэс куэдкIи бгъэдэмысауэ, гуи щамыхуауэ, лъхуэн-пIэнри ямыухауэ зи щхьэгъусэхэр зыфIэкIуэда цIыхубзхэм «быным я адэр» яIэщIигъэхуагъэнут лэжьыгъэ хьэлъэмрэ псэкIэ ягъэвын хуей хъуамрэ. Мазэ бжьгъэкIэ унэм къамыгъэкIуэжу колхоз гугъуэм щылэжьахэр зэгуэрми нэмыщхэм ебгъу зэхэсхакъым, зэбгыр къызэрымыкIуэу зальму къахущыта бригадирыт, пыIэ къэхъ жаIэмэ, щхьэр кихьынущ, зыхужаIэм хуэдэрт. Зи быныр гъаблэм ихьинкIэ шынэ бзылъхъгъэхэм я гуфIакIэм дагъэпщкIуа нартыху кIэчан зыбжанэм (гу къыпльамытэн щхьэкIэ, куэди пхуэдэ-лъхьэнт абы) щхьэкIэ шыбгъэкIэ къажьэхэжкIуатэу, чнутIкIэ къахуэдалъэу «совет мылькур» зыхъумэу щытам иригъэубыда, хьэпсым илъэс бжьыгъэкIэ ирагъэса фызабэр ебгат жаIэ абы, «уэзщIэскъыскъэу Тхъэм укъитканэ» жиIэри. Къэнащ, уеблэмэ сэ нэхъ балигъ сыхъуауэ слъэгъуащ къужьэкIэм щыщ а лЫжьыр: зригъэзэхэу зыкъыхуэмыIэтыжам хуэдэу, къуаншэу, и зы Iэр и щIыбым тельу, адреймкIэ щIэнэ бащыр иБыгыу, ауэ и IитIри къемыдэIуэжу кIэзызу.

Совет мылькур апхуэдэу зыхъумэ бригадирыр щIыбхэзэмкIи бзаджэгъи, губгъуэм здыхэсым бзылъхугъэхэр тIу-щы зэрымыгъэхъуу зыщIыпIэкIи IукIынутэкъым.

Бийр гурыIуэгъуэщ. Абы уихьыну, уишхыну, ухиутэну, унэIутыпсэ къыпхилъхьэну къокIуэ. Ауэ уэ пщыщым ардыдэр къуищIэну яужь щиткIэ, сыту шэчыгъуей икIи хьэлъэ. Бзылъхугъэхэм куэд яхэттэкъым дэлъху, щхьэгъуэ-гъэ къызолытэ (гуэныхьымрэ политикэмрэ зыгуэркIэ пхуэхъэлIэнумэ). Ар щIыжьыс Iэр мыращ: илъэс 53-м иту си анэр дунейм ехьжащ, илъэс 60, абы щIигъу къэзыгъэщIар мащIэщ, ди хьэблэм дэса цIыхубзхэр, «зауэм и бынхэр» жьхуаIэхэр къызощтэри.

Си мамэм «зыщигъэпсэхуКIэ», лъакъуэрыгъадэ машинэм бгъэдэтIысхьэрт. Дзапэ уэрэдыр дэщIыгъут абы. КъэрыуэщIэ. Жьыгсейми ди республикэми щагъэхъыбару щIадзащ «зауэм и бынхэр» зыфIаща Iуэхуэр. Зи гугъу ящIыр абыхэм гулъытэ гуэр хуащIын зэрыхуейрщ. Урысейм и хэгъуэгу зыбжанэм абы теухуауэ зыгуэр ящIэ. Иджыблагъэ КъБР-м и Парламентым къикIа хъыбар къыгIэрыхьащ ди депутатхэм «зауэм и бынхэм» ди къэралым зы статус щаIэн, хуащIэмкIи зэтехуэн зэрыхуейм теухуауэ. УФ-м и Къэрал Думэм и УнафIэщI Нарышкин Сергей зыхуагъэзэну зэрамурадыр депутатхэм жаIащ. Хьарзынэщ. Ауэ федеральнэ, республикэ депутатхэр мы Iуэхум епIэщIэкIын хуеиуэ къыщIэкIынщ, зауэм хальхуахэм я нэхъыщIэхэм я ныбжьыр илъэс 70-м зэрыщхьэдэхэм тепщIыхьымэ. Ди нэхъыжьхэм къухущIэнум хуейр аэрагъэнэкъым, я нэхъ мащIэмкIи арэзыуэ есащи. Абы хуейр дэращ, ди къэралым и цIыхухэм щIэ зэрахуищIыр хьэжъ зыщыхъун хуей щIэблэрщ.

ШИРДИЙ Маринэ.

Маршалхэу Жуковымрэ Рокоссовскэмрэ ТекIуэныгъэм и парадым щIадзэ.

Псыгуэнсудэс псэемыблэжхэр

Мамыру лажьэрэ щхэжу псэу Совет Союзым уащхъуэдэмыщхьуэу 1941 гъэм нэмыцэ фашистхэр къытеуащ. Жанхъуэт жьгъжьым, иджы щIэн, зыгуэр зыхуэфIэкIыр, зылI и быну зэкъуэуваш, мафIэ кьезыдза фашистхэм япуваш. Псыгуэнсум я лЫхъужьхэм ноб я щ1э къысIуэну, ахэр фиту къэзгъэкIыжыну сыхуейт.

КЪУАЖЭМ дэтащ щIакIуэхэр, бащIыкъхэр щащI Iуэхуущ1апIэ ин дыдэ. ЩIэбэтыкIуэ Ямыдэ и унафэм щIэту абы щылэжьа цIыхубз гупым къыщIагъэкIар советыдзэм къулыкъу щызыщIэхэм хуагъэхьу щытащ. ЗауэлIхэм зыщIагъэкъуэну къуажьдэсхэм ахъшэ щызэхуахьэсым, Кьардэнгъущ Мурид (Зырамыку и къэушь нэхъыжьщ) сом 50 абы хилъхьауэ щытащ. Ар дэфтэру щылэщ.

«Нэмыцэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къобгъэрыкIуэ», - жаIэу тракторым тес Iэпщащэ Хьэзрэт щызэхихым, псалъэ быдэ итат: «ФIыщIэрэ щытхъурэ къыслхуихьу нобэр къызыдэсым сызэрылажьэ тракторыр си псэр пыту нэмыцэм Iэрызгъэхьэнкьым!». Игъэпэжащ абы жиIар. СТЭ-р мэзым ихущ, щIынэ кIытIри, машинэр абы щIигъэхьащ, гу лъамытэн хуэдэуи быдэу щIиуфэжащ.

Псыгуэнсу къуажэ советым и унафэщI Къущхьэ Хьэзешэ езы Сталиным и деж тIэу итхауэ щытащ, советыдзэм къулыкъу щищIэну армэм ягъэкIуэну щIэлъэIуу. Къущхьэр шууищэ зыхэт гупым и унафэщIу Дон Іуфэ Іус Ростов деж лЫгъэ хэлъу щызэуащ. АрцхьэкIэ Мартыновкэ Иным и Iэгъуэблагъэм щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэм хэкIуэдащ.

Днепр псышхуэм советыдзэр щызэпрыкIым Яхэгуауэ Михаил кьигъэлъэгъуа лЫгъэм къыпэкIуэу Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и указкIэ «Совет Союзым и ЛЫхъужь» щIэ лъапIэр 1943 гъэм щэкIуэгъуэм и 16-м къыфIащащ. Езы Сталин дыдэм абы фIыщIэ къыхуищIат.

Хахуэу щIыпIэ куэдым щызэуащ Темыркъан зэадэзэкъуэр, Жанхъуэтрэ Iэнчаррэ. Жанхъуэт Сталинград деж щызэхэта зауэм уIэгъэ хьэлъэ щыхъури, и лъакъуэ лъэныкъуэр памыхыу хъуакъым. И Iэпкълъэпкъым и щIэлъэныкъуэр зауэм хилъхьауэ къэкIуэжами, къуажэм Iэщ1агъэлI зэрыдэмысыжым гу лъитэри, агроном лэжьыгъэ мытыншым абы зрипщытащ. Жэщ-махуэ имыIэу колхозхэтхэр абы итъэупхуэу губгъуэм итащ икIи Сталинным и цIэр зезыхьэ къуажэ колхозым и зэфIэкIыр Урысей псом къыщригъэщIыхуащ. Темыркъан Жанхъуэт и щхьэгъусэ Бэбылэ зауэ зэманым цIыхубз гуп зригъэуIури, лъэпэд, Iэлъэ хуабэхэр ящIурэ, абыхэмкIэ советыдзэм къулыкъу щызыщIэхэм ядIэпыкъуащ.

«Зауэм и кIэр хьэдагъэщ» - жыхуаIэращи, куэдым къагъэзэжакъым. Зи насыпым кьихьу я щIынальэм къэкIуэжакъэм зэуапIэм къыщагъэльэгъуа лЫгъэм папщIэ, орденхэмрэ медалхэмрэ къыхуагъэфэщащ.

Уэтэбий зэкъуэшитIыр, МатIэрэ ХьуатIэрэ, Темыркъанхэ Аскэррэ Накьлатрэ, Балъкъыз Хьэсэнбий, абы и шыпхъу партизан хахуэ Лилэ, Совет Союзым и ЛЫхъужь Яхэгуауэ Михаил сымэ зэкъуэувэу нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм зэхакъутар зэрызэфIагъэувэжар куэд и уасэт.

Мы зэманым Псыгуэнсу къуажэм дэтщ школищ, къапитIу зэретщ ди амбулаторэр. Спорт пэщэ хуитым зыщагъасэ ди щIалэгъуалэм. Псыгуэнсу къыдэкI спортсмен ахъыр зэманхэми нобэ ди жылэм и щIэр фIыкIэ ягъэIу. Апхуэдэхэщ БецIыкIу Заур, Жьанэ Мурат, Джэду Іэниуар, Балъкъыз Хьэсэн.

Зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым Iуэху щхьэпэ зыщIэхэр. Къуажэм амбулаторэ зэгъэпэщамрэ спорт пэшышхуэмрэ зэрыдащIыхьар зи фIыгъэ Хьэсанэ Руслан мы жылэм хъуэхъу щыхуаIэт.

ЯХЭГУАУЭ Берд.

Москва, Уэ Плъыжь.
1945 гъэ, мэкъуауэгъуэм и 24



Урысей литературэм ди щыпІэм теухуауэ хъыбар мащІэкъым хыхьар. Псом хуэмыдэу ахэр Кавказ зауэмрэ щынальэм щыпсэу лъэпкъхэмрэ ехьэлІащ. Лохвицкий (Аджыкъу Джэрий) Михаил «Громовый гул» («Уафэгъуагъуэ макъ») фищауэ 1977 гъэм дунейм къытехьа и повестыр абыхэм ящыщ зыщ. Иджыблагъэ а тхыгъэри «Поиски богов» («Тхьэм и лъхъуакІуэхэр») и романри Москва дэт «Исолог» тхылъ тедзапІэм къыдигъэкІыжащ.

КЪЫХЭГЪЭЩІПХЪЭЩ совет лъэхъэнэм Лохвицкэм итха мы повестымрэ тхыдэ романымрэ щІыхум яІэрыхьэн папщІэ гъэзугъэ гугъу къыІэрызэранэкІар. Тхылъ тедзапІэ нэхъыщхьэхэм ахэр къыдагъэкІын ядатэкъым. Іыхьэ гъэрхэр зригъэзэхуэжыну Лохвицкэм пщэрылъ къыщыдгъэІи, Курскым а тхыгъэхэр дунейм къыщыбтехьащ.

● ТхылъыщІэ

Зэманымрэ цІыхухэмрэ

Тхылъыщ1эм и пэублэм щытхащ: «Толстой Лев и «Хьэжы-Мурат»-м и ужькІэ, Кавказым теухуауэ Лохвицкий Михаил кьигъэлъэгъуа Іуэху еплъыкІэмрэ гупсысэмрэ хуэдэ урысей литературэм хэтакъым. Иджыблагъэ абы еджамэ, егупсысамэ, къыгурыІуэну хущІэкъуамэ, тхыдэм кьыхэна гузэвэгъуэ къомымрэ мы зэманым иджыри Кавказым къыщыхъухэмрэ, хэт ищІэрэ, защытхъумэнкІи хьунт».

«Громовый гул», «Поиски богов» тхыгъэхэр зи Іэдакъэщ1экІым и къэупсхэр къыщежьэр иджыри зэ фигу къэдгъэкІыжынщ. МафІэ лыгъэм иж жьлэм зы урыс офицерым (Пригарэт и унэц1эр) игу щ1эгъуу къыхиха щэрджэс щ1алэ щ1ыкІум къыщ1эхъащ нобэ зи гугъу тщІы тхакІуэр, Межиров Александр «Ар урысей литературэм къыхэнэнущ» зыхужиІар.

Лохвицкэм и тхыгъэхэм къытхуАІуатэ адыгэ жьлэ мыинхэм нэхъ пасэм я псэуклар, абыхэм я дежкІэ Кавказ зауэр зэриуха щ1ыкІэр. Абы и зы щ1апхъэщ, цензурэм пхимыгъэкІынкІэ шынагъуэ щ1ыІами, Михаил «Громовый гул» тхыгъэм къыщ1ихьа мы псалъэухаитІыр: «Щэрджэсхэр мыкІуэдыгъэу кьезыгъэлар Октябрь зэщІэхьееныгъэрщ. 1926 гъэм къызэрыхатхыкІамкІэ, шапсигъэхэм я бжыгъэр а зэманым ирихьэлІэу 3733-рэ хъурт, ахэр ноби щ1опсэу Краснодар крайм хьихьэ Лазаревск, ТІуапсы районхэм». Мыхьэнэ зиІэ мыпхуэдэ жьІэгъуэ кІэщІэхэрщ, Сенельников Михаил тхылъым и псалъащхьэм деж къызэрыщ1ихирэщ1а-щи, купщІэ зыщІэлъхьэр, блэкІам и сурэт гуэр уи нэгу къыщІэзыгъэхьэр.

Ильэси 150-кІэ уэзІэбэкІыжмэ, къэхъуа Іуэхугъуэхэр зи лъабжьэ тхыгъэхэр тхыдэр зэрахъумэм и закъуэкъым щІэлъапІэр, абыхэм пэжымрэ щІымрэ зэрызэхагъэкІри а зэманхэм псэуа щ1ыху жьйхэм я фэеплъыр зэрахъумэри къэзлъытапхъэщ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

● Кавказ зауэм и лІыхъужьхэр

Адыгэ дэзэешэ лІыхъужьхэр: Шырыхъукъуэ Дыгъужь, Хьэджыкъуэ Мухьэмэд, Уардэзауэкъуэ Дзэпщ. *Сурэтыр* Бёлл Джеймс *ищІащ.*

Шырыхъукъуэ Дыгъужь

Шырыхъукъуэ Дыгъужь и цІэр адыгэ тхыдэми адыгэ Іуэрыіуатэми игъащІэкІэ ехьэнащ. Абы и хьыбар куэд ущрохьэлІэ урыс дзэпщхэм къызэранэкІа тхыгъэхэми хамэ къэралхэм къыщыдэкІа тхылъхэми.

БЁЛЛ и тхылъым дыкъыщоджэ: «Шырыхъукъуэ Дыгъужьрэ Жамболэтрэ, я джатэр кърахи, сэлэт щитху хъу дзэмебгъэрыкІуащ, хьэлэч зэтращІащ, езы тІури зэкІуэдэ я гугъа щхьэкІэ, уІэгъи мыхъуауэ, мэзым щІыхьэжащ, биим кІэ ирата нэужь. А зауэм и хъыбар Щ1адэ дж къыщытхуаІуэтэжащ».

ИлъэсищкІэ исащ Белл Шэрджэсым, абы и ужькІэ итхыжа гукъэкІыжхэм куэдрэ ущрохьэлІэ Шырыхъукъуэ Дыгъужь и хъыбар. «Зэгуэрым, - итхыжащ абы, - урыс быдапІэм зы фоч узэгуэ хуэдизкІэ бгъэдыхьа шу щыслъагъум, сыкъэгуэващ: блыным топих тетт, сэлэтхэм я фочыр гъэпкІа хьэзырт. «Шырыхъукъуэ Дыгъужьщ ар, кьеуэми, шэ кьытехуэнукъым», - кьызжаІащ сэ. ТопкІи фочкІи кьеуащ, зы шэ кьытехуакъым, быдапІэм къыдэкІыну къэзакъ щухэм сэлэтхэм я пащхьэ щигъэджэгури, лъэбакъуэкІэ къыІуигъэзыкІыжащ».

Апхуэдэ лІыгъэ куэдрэ далъэгъуащ Шырыхъукъуэ Дыгъужь. Кавказ зауэр уныІэху, епсыкакъым. 1864 гъэм хэкум икІащ. И ныбжьыр илъэс 80-м нэсауэ, Туркум щ1ылІащ.

Щэхур нахуэ къохъу

1836 гъэм жэпуэгъуэ мазэм Лондон щежьэри, Шэрджэсым кІуащ «Виксен» къуэхьыр, шыгъу ищэри.

Маркс Карл

КХЪУХЬЫР зейр зиусхьэн Бёлл Джеймст. Ар щ1ахІуэгъуэ мазэм и 25-м урысхэм Суджыкъу къалэ щ1аубыдащ, шэрджэсхэм шыгъу къахуишэну хуимытауэ жаІэри. Белл и кхъухьар ятхьэкъуащ, абы и капитанымрэ экипажымрэ Севастополь яІащ, зыкъомрэ щ1ыгъа нэужь, къуэтІыпщыжащ.

Лорд Пальмерстон уафэм сабэ дриплъей зиІащ, Британием и кхъухь Урысейм зэриубыдам щхьэкІэ: «Ар дигу техуэ хъунукъым, Британиер хуитщ дэнэ сату щиці1ынуми, абы и щІыхьэр зэрытхъумэн къару диІэщ дэ!» - ар жиІэри парламентым и пащхьэм иуващ лорд Пальмерстон. Британием и щІыхьэм тегуэвэвых лордым зыщІигъэгупщащ Шэрджэсым лей къызэрылъысар: ар зыми Іэщ1эмылъ хэкуц - аращ лорд Пальмерстон игу къэмыкІыжар.

Урысхэм жаІэр нэгъуэщІщ: Шэрджэсыр ди империем щыщщ, дэ хуит дымыщІауэ адыгэ тенджьэ Іуфэм зы кхъухьи къэкІуалІэ хъунукъым. АбыкІэ хъыбар къэгъэщІа лорд Пальмерстон? Ар ибзащІащ хамэ къэрал ІэхуэхэмкІэ министрым. «Виксен» кхъухьым и Іуэхум бгъэдыкІа псалъэмакъыр щІэх щызэпІуакъым Британием и парламентым, щІэх къахуэумысакъым лорд Пальмерстон. ИкІэм-икІэжьым, 1838 гъэм мэкъуауэгъуэ мазэм и 21-м щэхур нахуэ хъуащ.

Лорд Пальмерстон 1836 гъэм Урысейм енкъуэкъун мурад ищІатэми, ар абы хуэзфІэкІынутэкъым: министр кІуныкъур кьызэрыІэрыхьэу, 1831 гъэм, ар арэзы хъуауэ щ1ытащ Урысейм Кавказыр зыІэщІилъхьэн мурад зэрищІамкІэ, ар (лорд Пальмерстон) Урысейм Тыркумрэ Адрианополь щызэращІылІа зэгурыІуэныгъэм зэреувэлІарат абы къикІыр. Шэрджэс тенджьэ Іуфэр Урысейм хуит щ1ыхуэпщІакІэ, адыгэхэм я щІыхьэгъкІэ Урысейм Тыркумрэ Адрианополь щызэращІылІа зэгурыІуэныгъэмкІэ (1827 гъэм) акъылэгъу ухъуауэ аращ - нэгъуэщІ къикІырыкъым абы. Езы адыгэхэм я пщІыхьэпІи къыхэхуакъым, дауи, лорд Пальмерстон апхуэдэ хьэгъэщагъэ къакІэпызэрихьауэ - Британием хамэ къэрал ІуэхуэхмкІэ и министрым зыщІимысыжар 1838 гъэрщ - парламентым щ1ихъэзыхьа нэужь.

1827 гъэм бадзэуэгъуэ мазэм и 6-м Урысейм рэ щызэращІылІа зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ, Урысейм къалэн зыщищІыжауэ щ1ытащ и къэрал гъунапкъэм зримыгъуэхуэдиину. А псалъэр игъэпэжакъым Урысейм, абы къыхэкІкІэ Британиер акъылэгъу хъун хуеякъым Адрианополь зэгурыІуэныгъэмкІэ. Тыркур хуитакъым езым Іэщ1эмылъа Шэрджэсыр Урысейм иритыну. Урысейри хуитакъым ар Тыркум «кьыІэщІихьну». Тырку пащэр Анэпэ щыдэса зэманми Шэрджэсыр Портэм Іэщ1ольакъым, Урысейм и Іэмыщ1э зрилъхьэн муради иІакъым, абы и нэщІыбгъкІэ щызэрахьэ хьэгъэщагъэр сэтей къэхъащ, «Виксен» кхъухьыр къайгъэ хэхуа нэужь.

МАРКС Карл. *1842 гъэ*

Адыгэхэм къыхужаІэхэр

ИщхЬэМ и хуитныгъэм зыри пищІыркъым адыгэм, лей кІэлъыгъэмыхьэм, сабийм хуэдэу жьІэдаІуэщ, ухуэткІийми, ухэзэгъэнущ, уемыкъуэнщ1ы закъуэ, - ар къыпхуидэнукъым. И лІыгъэ тепсэлъыхь хабзэкъым адыгэр, и щхьэ щ1ытхъужьнукъым, ауэ нэгъуэщІым лІыгъэ зэрихьамэ, абы щ1ытхъункІэ зигъэнщІынукъым.

Лапинский Теофил.

ХАХУЛГЪЭКІЭ, Іущыгъэкіэ, дахагъэкІэ Тхьэр абыхэм (шэрджэсхэм) къаззэрыхуэмыупса къэнэжакъым: а псомкІи аэр къахощ Кавказым и лъэпкъхэм. Я хуитныгъэр эрахъумэн лІыгъэ яхэлъу къэгъэугурыкІуащ аэр ижь-ижьыж лъандэрэ.

Оммар де Гелль.

● Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Зэдэлэжьэныгъэ

ЛъэныкъуитІри зэгуроІуэ

Украинэм къыщыхъуа Іуэхугъуэхэр урыс-швейцар зэхущытыкІэм зыкІи зэран хуэхъуакъым, лъэныкъуитІми я мурадщ адэкІи зэдэлжьэну.

ЮНФЕДЕРАЦЭМ и Федеральнэ Зэхуэсымрэ Федерацэмкіэ Советымрэ зэдзэлжьэнымкІэ щыІэ «Швейцарие-Урысей» ныбжьэгъугъэм и гупым и унафэщІэхэр апхуэдэ гупсысэм щ1ыхуэкІуащ Андерматт къалэм и кантон нэхъыщхьэ Ури щ1агъэкІуэкІа зэІуІщ1эм. Гупым и пашэщ Федерацэмкіэ Советым и вице-спикер Воробьев Юрийрэ Швейцариеи и Парламентым и палатэ нэхъыщхьэм хэт Ломбарди Филиппорэ.

Воробьевым зэрыжиІамкІэ, лъэныкъуитІри иужь итщ Украинэм къыщ1ыхуа Іуэхугъуэхэр Урысеймрэ Швейцариемрэ я зэпыщІэныгъэм зэран зэрыхуамыгъэхъуным. «Іуэху куэдкІэ дызэдолажьэри, ахэр нэсу зэрыдгъэзэщІэнум дыхущІэкъунщ», - къыхиригъащ абы.

Ломбарди жиІащ Украинэм къыщ1ыхуа зэхъуэкІынигъэхэр къэралитІым я зэхущытыкІэм Іейкіэ къызэрыхэмыщ1ынур. США-мрэ Европей Союзымрэ Урысейм ткІийуэ къызэрыпэщІэуварм Швейцариери хуэкІуэным къыхуараджа щхьэкІэ, къэрал властыр абыкІэ арэзы хуэакъым. Ломбарди къыхигъащ Швейцариер нэгъуэщІ къэралхэм я зэхуаку къыдэхъуэ щ1ытыкІэхэм зэрыхэмыІэбэр, зым и лъэныкъуи зэримыубыдыр.

Гупыр къызэзыгъэпэщахэм зэдзарэзыуэ къыхахъэщащ Украинэм щекІуэкІэхэм зи Іуэху хэзыльхьэ дэтхэнэ зыри Урысей-США-ЕС-Украинэ жьпхъэм иту мэлыжьыхьым и 17-м Женевэ щекІуэкІа зэІуІщ1эм къыщащта коммуникэм къигъэувэхэм тКІийуэ тетын зэрыхуейр. «Зэманыр иджыри хэтІэсакъым», - жиІащ Воробьевым икІи къыхиригъащ лъэныкъуитІми Женевэ къыщащта зэгурыІуэныгъэхэм Украинэм и властыр щ1ытемытыфым щхьэусыгъуэ зэриміылъагъур. Федерацэмкіэ Советым кьегъэув Шынагъэншагъэр хъумэнымрэ Европэм дэлэжьэнымкІэ зэгухьэныгъэм Украинэм и кхъухьэпІэ, къуэкІыпІэ лъэныкъуэхэми Киеви и нэІэ тригъэтыпхъэу.

КъэралитІым кьапщытэжащ парламентхэр зэдэлэжьэнымкІэ Европей Советымрэ Кантонхэм я советымрэ Женевэ Іэ щ1ыщІадза меморандумым къыщ1ыхьахэр, 2013-2015 гъэхэм ялэжьынухэри фызыхуащ.

Швейцарием Іуэхуакіэ кІуа сенаторхэр апхуэдэуи тепсэлъыхьащ Беллинцонэ къалэм щекІуэкІа хоккей ныбжьэгъугъэ джэгум. Советскэ хоккейм щыпашэу щ1ытахэм «Амбри-Пиотта» швейцар клубым и ветеранхэр 5:1-уэ хагъэщІащ. ЗэІуІщ1эм хэтахэм къызэрыхагъэщамкІэ, джэгум нэхъыщхьэу хэпльар бжьгъэракъым, ат1э ари Іуэху зекъэкІэм и зы лъэныкъуэу зэрыщ1ытырщ.

- Хоккейм кІэ кьыдогъэпэщагъэм мылым дыщ1ытеткІи гъащІэм дыщ1ыхэткІи губжь зэрытхэмылъыр, зи щхьэ пщІэ хуэзэщІыжь щ1ыху зэпІэзэрыту дызэрыщ1ытыр, - жиІащ матчым хэта сенатор Фетисов Вячеслав.

ПЕТРОВ Виталий. *«РГ».*

● Улахуэ

Пащтыхьхэм псори яльэкІрэ?

Нидерландхэм я пащтыхь, зи щІыхьыр ин Виллем-Александер кхъхь улахуэр гъэмэщІэн хуейуэ кьалъытэ Голландием щ1ыІэ Лэжьыгъэм и партым хэт депутатхэм. 2002 гъэм Правительствэм игъэуващ монархым ильэсым евро мин 230-рэ кхъухьхъуэн хуейуэ. Ауэ Гаагэ и властым пащтыхьым кхъухьхъуэ ахъшэр евро мин 825-м нэс дригъэуеящ.

Зэман дэкІри, пащтыхь гуащэ Максимэ ильэс хьэкъыу ират хъуащ евро мин 372-рэ. Абыи кхъыщынэркъым: пащтыхьым и унэр, автопаркыр, кхъухьлъатэхэр, ІуэхутхъэбзащІэхэр зыхуей хуэгъэзэным мылъку куэдыщэ трагъэкІуадэ хъуащ.

Депутатхэм ящыщ языныкъуэхэр арэзыкъым пащтыхьым и мылькур гъэмэщІэн хуейуэ зэрыжиІэмкІэ.

- Пащтыхьым и унагъуэр зыхуей хуэзащ, къызыхуэтынщэу псэун хуейщ. Пащтыхь гуащэми бостей кхъэрыгъэкІкІэ зыкъыщигъэльагъуэ хъунукъым лІыщхьэхэр щыпсэхуэсэ зэІуІщ1эхэм, - жиІащ, парламентар Рекурт Йорен.

Езы Виллем-Александер кьелъытэ и Іуэхутхъэбзащ1эхэр игъэмащІэмэ, мылькур нэхъ зэгъэзэхуа хъуну. Сыт ищІэн - кризисщ.

«Эхо планеты».

● КъулыкъущІэхэр

И лъэІуэкІэр ягу ирихьакъым

Великобританием щэнхабзэмкІэ и министр Миллер Марие и къулыкъум текІащ. Парламент комиссэм ар игъэкъуэншащ къэрал мылькум ахъшэ къыхихыну хабзэм къемызэгъыу зэригъэкІуэдамкІэ.

ИПОТЕКЭКІЭ унэ кьызэрищ1эхуа фунт мин 45-р ирагъэпшыныну щ1ытралъхьэм, абы къыщхьащ1ыжащ министрхэм я кабинетым и унафэщІ Кэмерон Дэвид икІи къуэдыр фунт мини 5,8-м нэс ягъэмэщІащ.

Министрым зэрыхуэдачыхар Великобританием и щІыхуэхэм ягу ирихьакъым. Миллер къыхуагъэгъуну Парламентым «зэрыщІалъэІуа» и псалъэм тригъэкІуэдар дакъикъэ ныкъуэщІ - абы игъэгубжьащ парламентархэр. Премьер Кэмерон лъэІуащ къэхъуа щІэщхьэр зыщагъэгъупщэну. Ауэ Миллер и къулыкъум текІмэ, нэхъ кьищІащ. Иджы Великобританием и министр хъуащ банкер щыта Джавид Саджид.

«Эхо планеты».

● Псэупіэ

УщІалэ щІыкІэ зэгъэпэщ

Урысей Федерацэм и хэгъэуагъ зэмылІэужьыгъуэхэм щыщ унагъуэ мин 18-м щІигъуэм мы гъэм процент 30-кІэ нэхъ пуду унэ къащхьэну е яухуэну Іэмал яІэнущ. АбыкІэ Правительствэм унагъуэхэм защІигъэкъуэнущ, федеральнэ мылъкум сом меларди 3,5-рэ къыхихынурэ.

УНЭ хуэныкъуэ унагъуэщІэ нэхъыбэ зэрыс хэгъуэгуэхэм мылъкур тегуэшэнымкІэ щыІэ унафэм премьер-министр Медведев Дмитрий иджыблагъэ Іэ щІидзащ. Зи гугъу ящІыр илъэс зыбжанэ хъуауэ Урысейм щылажьэ «Псэупіэ» программэм «УнэгъащІэр псэупІэкІэ къызэгъэпэщынымрэ и гуэдзнырщ. УФ-м Ухуэныгъэмкіэ и министерствэм къызэриГъэлъагъуэмкІэ, иужьрей илъэсищым унагъуэ мин 60-м нэблагъэм унэщІыхьэж тхъалъэІу ящІащ.

Пэжщ, унэ хуейхэр зэрыкуэдым тепщІыхьмэ, а бжыгъэр куэд хъуркъым, ялынкъуэ ІэщІагъэлІхэм зэрыгъэгъэфащэмкІэ, УФ-м псэупІэ зэрыкьуэу исыр медуанипщІым ноблагъэ.

КъызэрагъэлъагъуэмкІэ, псэупІэ хуэныкъуэ дэтхэнэри программэм хагъэхьэнукъым. Сыту пІэрэ абы щхьэусыгъуэ хуэхъур?

Япэрэуэ, бюджетым кьыхэкІ дэІэпыкъуныгъэ бгъуэтын папщІэ, унагъуэм иг зэщхьэгъуситІми я ныбжьыр илъэс 35-м щІимыгъуу щытыпхьэщ. ЕтІуанэу, унагъуэр псэупІэ зэрыхуэныкъуэмкІэ тхылъ иІэн хуейщ. Ещанэщ, къэралым кьыуит щІыхуэр зэрыпхуетыжыфынум щыхьэт техъуэ дэфтэр уиІапхъэщ, унэ уасэм и Іыхьэ 70-р зытыжынур зэщхьэгъусэхэращи. Банкым уи ахъшэ зэрыхэлъым и щІыхьэт тхылъ, ипотекэ кредит кьыуатину арэзы зытехъуа тхылъымпІэми хъунущ. Апхуэдэуи, анэм и мылькур зратынухэми къагъэсэбэп хъунущ.

НэчыхькІэ зэмыгъэбыдыІа зэщхьэгъусэхэр программэм хагъэхьэнукъым. Къыхэгъэщыпхъэщ бын зиІэ унагъуэхэм я Іуэхур нэхъ тынш зэрыхъунур, абыхэм я унэ уасэм и Іыхьэ 35-р къэралым ятыпшынынужынущ.

Федеральнэ мылъкум кьыхэкІыну ахъшэр субсидие хуэдэу щІыналъэ бюджетхэм хуагъэхьыну аращ, ауэ ар псоми лъысынукъым. Абы хагъэхьэнуэр зэпеуэкІэ программэм хэтыну кьыхахахэрщ. КъызэрагъэлъагъуэмкІэ, мы гъэм а программэм хагъэхьащ УФ-м и щІыналъэ 74-рэ. Псом нэхъ р эхъыбэ хуэхьанущ Къэрэшей-Шэрджэс, Саха (Якутие), Чувашие республикэхэм, Алтай, Хабаровск крайхэм.

ДОМЧЕВЭ Еленэ.
«Российская газета».

● Къэхутэныгъэхэр

Хэт нэхъ шынагъуэр?

Gallup international Іуэхущ1анІэм иригъэкІуэкІа дунейпсо къэхутэныгъэм къызэригъэнэІуамкІэ, Щ1ым тет щ1ыхуэхэм я еплІанэ къэс къалъытэ Америкэр дуней псом дежкІэ нэхъ шынагъуэу. Къыхэгъэщ1ыпхъэщ ди къэралым я къэхутэныгъэм процентитІ фІэкІа къызэрыщ1ымыхьар.

КЪЭРАЛ 65-м щыщу щ1ыкъ мини 7-м щІигъу зыхэта къэхутэныгъэр къызэзыгъэпэщ1ахэм къызэрагъэльагъуамкІэ, абыхэм ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэм къеГъэльагъуэ къэрал зэхъэзэхуэхэр куэд зэрыхъуар. Ауэ щ1ыхьэкІи, Америкэм и хэгъуэгуэхэм щ1ыпсэуэхэм шынагъуэу къалъытэр хамэ къэралхэрщ. Африкэм щ1ыпсэуэхэр нэхъыбэу зыгъэгузавэр Сомалищ. КъуэкІыпІэ Гъунэгъум исхэр нэхъыбэу зыгъэгуізэщІ Израильрщ.

Къэхутэныгъэм хэтахэм я процент 24-м, уеблэмэ нэхъыбэм, гуэзвэгъуэ зэхъыщ1энкІэ щэч зыхуащІэр Америкрщ. КъуэкІыпІэ Гъунэгъум и процент 33-м, Азием и 25-м, Корее Ищхьэрэм и процентти 7-м, Индием и процент 19-м, КНР-м и 49-ми апхуэдэущ кьызэралытэр. Латин Америкэм щ1ипсэуэхэм я процент 24-м, Аргентинэм исым я процент 46-м Америкэм дзыхь хуащІыкрым. Псом хуэмыдэжу США-р фІыуэ иІъэгъуэкрым Пакистаным (44%), Сербим (45%), Тыркум (45%), Боснием рэ Китаймрэ (49%).

Ауэ ЕС-м кьыхьэхэрал зыбжанэм НАТО-м кьадыхэтым щ1ымышынэу къагъэльагъуэ: франджыхэм апхуэдэу къахэкІар процент 3 куэдрэ, итальянхэм я процент 4-щ1 Америкэм щ1ыщынэу къэзыгъэльэгъуар. Ику иту къапщтэмэ, КъуэкІыпІэ Европэм исым щ1ыщу процент 15-щ1 Америкэм игъэгумащІэу. А щ1ыналъэм щ1ипсэуэхэм Америкэр, Иранэр, Сириер зэхуэдэу шынагъуэу къалъытэ. КъуэкІыпІэ Европэм и Іыхьэ щ1анэрэ Америкэм егъэшынэ.

Ди къэралым и гугъу пщІымэ, дуней псом дежкІэ Америкэр зэрышынагъуэм Урысейм щ1ыхуу исым и ныкъуэм нэхъ нэхъыбэр щ1ыхьэт тохъуэ.

КъыхьыІапхъэщ, щ1эупщІэныгъэм зэтехэм ди къэралыр шынагъуэншэу къызэрагъэльэгъуар. Гуапэщ американкэм ящ1ыщу ди къэралыр яфІэшынагъуэу процентищ1ым фІэкІа къызэрымыльытари. Апхуэдэ гупсысэкІэ яІэщ Къуэхьэпі Европэм щ1ипсэуэхэм я процентти 5-м нэблагъэм, КъуэкІыпІэ, Курыт Европэм щ1ыщхэм я процентти 7-м. Ауэ щ1ыхьэкІи, Косовэ Республикэм, Польшэм исхэм я процент 16-18-р къыщ1ошынэ.

Къэхутэныгъэм хэтахэм Иранымрэ Корее Ипщэмрэ зэрыщ1ымышынащэр къагъэльэгъуащ - процентитху къудейщ иратар. Кытайм щ1ышынэр къэхутэныгъэм къызэщІиубыдам и процентихэрщ.

АЛЕШИНЭ Маринэ. *«РГ».*

Пл1анэпэр зыгъэхъэзырар НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ.

Ди газетым и къыкІэлъыкІуэ номерыр къыщыдэкІынур накъыгъэм 13-рщ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр
ХьэфІыцІэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), ЖьэкІэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щ1ъэщэмыщІ Иэ.

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
КъыдэзыгъэкІхэм я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленином и уэрам, 5



ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щ1ихабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядолжэныкъуэ - 42-60-53; хъыбарыщ1эхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэ тхыгъэхэм къыщ1ыхьа бжыгъэхэм, къыщ1эІэта Іуэхутыгъэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зыгъахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●